ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПІЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№65 (24.201) ● 2021 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 5, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Урысейм и Президент Путин Владимир къыщыпсэлъащ Петербург щекІуэкІ дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэм

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир дыгъуасэ къыщыпсэлъащ Петербург щекІуэкІ XXIV дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэм. ЗэІущІэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

КЪЭРАЛЫМ и Президентым къиІэтащ дунейпсо, къэрал политикэхэм ятеухуа Іуэхушхуэ зыбжанэ - экономикэм, гъэсэныгъэ Іэнатіэм, хьэрычэт Іуэху мыинымрэ курытымрэ зегъэужьыным къыщыщІэдзауэ щыІуэпсым екьэлІа къэхутэныгъэу мыхьэнэшхуэ зиІэжэмрэ лъэпкъ паркхэм, мэзкъуэдыкэм зегъэубгъуныкъэ нэсу.

Петербург щекІуэкІ XXIV дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэм хэтхэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ фІэхъуэ ярихьи, Путин Владимир къыхигъэщащ коронавирусым дунейм зэрызыщиубгъуам къыхэкІыу ІэмалынышагъэкІэ икІи пІалъэ кІыхькІэ мыпхуэдэ зэІущІэхэр зэпагъэун хуей хъуауэ зэрыщытар икІи дунейпсо зэІущІэшхуэр япэу Урысейм зэрыщрагъэкІуэкІым, бизнес зэгугъэныгъэхэм я лІыкІуэхэр зэхуэзэу зэпсэлъэну Іэмал зэраІэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

Апхуэдэ зэхъуэкІыныгъэфІхэр къыщохъу экономикэшхуэми. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, блэкІа лІэщІыгъуэм и 70 гъэхэм лъандэрэ къэмыхъуа бжыгъэхэм нэсу ВВП-м и хэхъуэр дэкІуеину къалытэ: экспертхэм жаІэ абы процентихкІэ хэхъуэну. Апхуэдэу щытми, дунейпсо экономикэр къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм зэрыщыгэтеувэкыр зэтехуэркъым, къэралым и Унафэщыр зэреплъымкІэ, абы уэлъпэмыплъа зэхуэмыхьыныгъэ куэд къыдэкІуэнущ, политикэ, экономикэ, социальнэ я лъэныкъуэкІэ.

Щапхъэ нэрылъагъу мыбдежым щохъу пандемием пэщІэтыныр. Президентым къыхигъэщхьэхукІащ дунейм и къэрал псоми вакцинэр ирикъуу яІэрыхьэныр, ар зэгъэхъулІэным мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

Путин Владимир Урысейм щыпсэухэр аргуэру зэ къыхуриджар коронавирус уэзыфэ зэрыщІалэм зэрызыщыпхьумэ хьу мастэр зыхрагъэлъхьэну. Мыбдежым абы щхьэхуэу къыхигъэщащ урысей вакцинэр халъхьа нэужь абы зыгуэр иЛыкІауэ зэрамытхар.

Къэрал кІуэцІ политикэм екьэлІа Іуэхуэхэм я гугъу щищІым, Урысейм и Унафэщым фЫщІэ яхуищІащ эпидемием и лъэхъэнэ гугъуэм зи Іуэхущ Іапі эхэр кьыэтезымыгъэувыІуэу инфраструктурэм, щыналъэхэм зегъэужьыным, технологиещІэхэр зэхэлъхьэнымрэ лэжьакІуэхэр Іэщ Іагъэ зэмылІэужьыгъуэхэм хуагъэхьэзырынымрэ егупъуахэм, щхьэусыгъуэ къамылъыхьуэу лэжьахэм, хьэрычэт Іэнатіэм щыщхэмрэ инвесторащІхэмрэ къыдэхьэхыным, Іуэху ядэщІэным яужь итахэм.

«Дэ адэкІи щыналъэхэм защІэдгъэкъуэнущ хьэрычэт лэжьыгъэр дагъэкІынымкІэ», - жиІащ Путин Владимир. Абы зыхуэфащэ кІулькъущІапІэхэм кьалэн ящищащ хьэрычэт Іэнатіэм, щыхуэхьэхэм я мылЬку зэхэлъхэр зэІуихауэ, тыншу щІэздагъэлэжьэфыну щытыкІэхэр Урысейм и дэтхэнэ щыналъэмы 2024 гъэм ирихьалІэу къыщыщІэрагъэпэщыну, проектыщІэхэр абыхэм щрагъэжьэн папщІэ щытыкІэхэр къыхуэзэрагъэпэщыну.

«Дэтхэнэ щыналъэми къыгъэлъэгъуэн хуейщ и зыужьныныгъэм и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэр, абы щыгуаэзэу щытыпхъэщ бизнесыр, щыналъэхэм кьалэухуэ, инфраструктурэ я лъэныкъуэкІэ, инженернэ сетхэр, гъэзгуэгр, коммуникацэхэр укъуэдиныным щамурадхэми хуэдэ дыдэу. Апхуэдэ щыкІэкІэ, бизнесым дежкІэ нэхъ тынш хъунущ Іуэхущ Іапі эщІэ е нэгъуэщІ ухуэныгъэщІэ щищІыну щыпІэр кьихихьныр», - жиІащ Президентым.

Абы къыдэкІуэу къэралым и Унафэщым къыхигъэщащ зыЗмыужьыыр, экономикэ зэхъуэкІыныгъэхэр щемыкІуэкІ щыналъэхэм яхэтын зэрыпсэмейр: «Федерацэм и дэтхэнэ щыналъэми иІэщ инвестицэ, экономикэ хэкІыпІэхэр. Ахэр ди цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным, урысей унагъуэхэм я зэІузэпэщагъым кьахуэдгъэсебэпын хуейуэ аркъудейщ».

Федерацэм хьыхь щыналъэхэм зегъэужьыныкІэ Іэмалыщ Іэхэм ящыщу увыпхъэщ инфраструктурэ щыхуэ тыкІэщІэхэр, абы и фІыгъэкІэ щыналъэхэм щхьэщагыкІыр мащІэу пІалъэ кІыхькІэ ахъшэ къыІахыу Іуэхум халъхьэ хъунущ. Нэхъыщхьэу апхуэдэ ахъшэр зыхэлъхьэн хуейр цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным епха Іэнатіэхэрщ, кьалэхэр, нэгъуэщІ жылэхэр къэгъэщІэрэщІэжьныкъ.

Урысейм и Президентым и къэпсэлъэныгъэм апхуэдэуи кьыщыгеувыІащ хьэрычэт Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ защІэгъэкъуэным и Іуэхуми, компание инхэмрэ къэралыр зыхуэныкъуэхэр кьеШэлІэным зи лэжьыгъэр теухуахэмрэ кьащэхухэм я процент 25-р хьэрычэт Іэнатіэ мыиным кьыщІигъэкІахэм щыщу щытынри фІэтэмэму кьыхилъхьащ.

КъимыдэкІэ, дызэрыт илъэсым хьэрычэт Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ дэІыгъныным теухуа щІыхуэ тыкІэщІэ яублэну я мурадщ - ятеІэ щІыхуэхэмкІэ шэсыпІэ ихьэкІэщІэ кьыхалъхьэ. Зи гугъу ящІыр хьэрычэт Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ я корпорацэр зыдэлажьэ банкхэм щІыхуэ кьыщраткІэ абыхэм шэсыпІэ яхуиувэу щІыныщ. Абы кьыкІыращи, хьэрычэт Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ щІлажьэхэр зыгуэркІэ хилъафэ хъужькъуэмэ, корпорацэр абыкІэ щІэгъэкъуэн хъунущ, апхуэдэ щІыкІэкІи Іэнатіэ зыгъэлажьэр щІыхуэ къэщтэным нэхъ тегушхуэнущ. Абы хьэрычэтыщІэхэм Іэмал яритыну я Іуэхущ Іапі эхэм зрагъэужьыным халъхьэну мылЬку кьыдахыныжкІэ - 2024 гъэм ирихьэлІэу ар сом мелард 600 нэхъри мыинэхъ мащІэу щытынущ.

Къэралым и Унафэщыр щхьэхуэу къытеувыІащ мэзхэм, мэзкъуэдыкэм, лъэпкъ паркхэм ьхьэгъэзэхъуэн зэрыхуейм, ахэр фейдэ ящхьІэбэ кьату кьызэрыгъэсэбэпыпхъэм. Абы кьыхигъэщащ Урысейм и щІыуэпсым кьрит ефІэкІыныгъэхэр кьыгъэсэбэпу, щІым щІэлъ хьэгъуэфІыгъуэхэмкІэ дунейм щыпІэ хэха зэрыщиубыдыфынур. Абы папщІэ мэзхэмрэ щІыхэмрэ кьызэрагъэсебэп щІыкІэм гулъытэ щхьэхуэ хуэщІын хуейщ.

Мыбдежым, Путиным зэрыжиІамкІэ, Урысейм лъэныкъуищкІэ фейдэ зыЗэригъэхьэсфынущ. Ябрауэ, мэзхэмрэ щІыгулъхэмрэ кьэгъэщІэрэщІэжьным мылЬку хилъхьэкІэрэ кьэралым и щІыхуэм я щІыуэпс зэІуэпэщыгъэр иригъэфІэкІуэфынущ. «ЕтІуанэрауэ, дэ лэжьапІэхэр кьыщІэзІытхыфынущ парниковэ газэхэм елэжьыным теухуа, технологие лъагэхэр кьыщагъэсебэпыну Іэнатіэщ Іэм. Ещанэрауэ, ди продукцэр нэгъуэщІ къэралхэм щащІахэм япеуэфу тхуэзэтеухуэнущ», - жиІащ Президентым.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ «Урысей зэкъуэт» партым и сессием

Петербург щекІуэкІ дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэм щыІэу КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ «МыхьэнэшхуэзиІэ зи чэзу Іуэхуэм щытепсэлъыхьу Урысей зэкъуэт» партым мэкъуауэгъуэм и 4-м иригъэкІуэкІа сессием.

ЗЭІУЩІЗМ иригъэкІуэкІащ партым и Совет нэхъыщхьэм Секретарь Турчак Андрей. Урысейм и Правительствэм щыщу абы хэтащ вице-премьерхэу Хуснуллин Марат, Новак Александр сымэ. Сессием къырихьэлІащ щІыналъэ щэщІым щигъуэ я унафэщІхэр.

«Партым къыхилъхьа жэрдэмхэу къэралым и Унафэщым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам хьыхьэм ящыщщ газыр щы Іыхьэхэм я Гъунапкъэхэм нэс яхуэшэным теухуар. А унафэм цІыхухэр куэд щІауэ пэплъэрт. Вэсэмахуэ, мэкъуауэгъуэм и 2-м, Федерацэмкіэ Советыр арэзы теХуащ абы теухуа федеральнэ законым. Дэфтэрым къыхелъхьэ «газ щІэшыныр зэкІэлъыхьигъэкІуэну оператор» щыІэныр. Дэ дызэрепльымкІэ, абы и фІыгъэкІэ уиІ мелуанитІым нэблагъэм зэман Гъунэгъум газыр хуашэфынущ, - жиІащ Турчак, Петербург щекІуэкІ дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэм хэтхэм защхьхуигъаззм. - Къимыдэкіэ, Іэмал зэриІэкІэ нэхъ тынш ящІащ абы пыщІа Іуэху псори, газыр щыпадзэну зэманри кІыхьлІыхь мыхъунри къалъытащ. Газ щІебгъэшэн щхьэкІэ МФЦ-м е къэрал Іуэхутхьэбзэхэр цІыхухэм яхуэзэфІэзыгъэкІ Іуэхущ Іапі эхэм захуэбгъазэми хъунущ, газыр щІэшэным текІуэдэну мылЬкур къызыхэкІынри ягъэбелджылы. ЩхьэхуэУ ядэІэпыкъун хуейщ нэхъ зылъэмыкІэхэм - пенсионерхэм, нЬкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъхэм, унагъуэшхуэхэм».

Инфраструктурэм зегъэужьыным екьэлІа проектхэр щІыналъэхэм щыгъэзэщІэным хуэщхьэпэну Іэмалхэм теухуауэ къэпсэлъащ Хуснуллин Марат, губернаторхэр зэхуэсым хэтхэм ядэгуэшащ а Іэнатіэм щамурадхэмкІэ, проектхэр гъэзэщІэнымкІэ яІэ хьуа зэфІэкІхэмкІэ.

«ПсэупІэ» къэрал проектым хьыхьэу Къэбэрдей-Балъкъэрым 2022 - 2024 гъэм щІэзэфІагъэкІыну я мурадщ Налшык къалэ округым щащІыну псэупІэ хьэблэхэм псы яхуэшэнымрэ къагъэсэбэпар кьыІуэшынымрэ къыІэзэгъэпэщыну Іуэхуэр. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр Бахъсэн, Іуащхьэмахуэ муниципальнэ щІыналъэхэмрэ Налшык къалэм и нэгъуэщІ щІыпІэхэмри щрагъэкІуэкІынымрэ Іуэхум холпъэ. Лэжьыгъэхэр Урысей Федерацэм «Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм зегъэужьын» и къэрал программэм ипкъ иткІэ зэфІагъэкІыну я мурадщ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

КІуэкІуэ Казбек хэтащ УФ-м и Къэрал советым и комиссэм «Экономикэмрэ мылЬкумрэ» унэтІныныгъэмкІэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм

XXIV Петербург дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэм и программэм хьыхьэу мэкъуауэгъуэм и 3-м екІуэкІащ Урысей Федерацэм и Къэрал советым и комиссэм и зэІущІэ зыбгъуа, «Экономикэмрэ мылЬкумрэ» унэтІныныгъэм теухуауэ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

ЗЭІУЩІЗМ щытепсэлъыхьащ щІыналъэ бюджетхэр зэтеухуауэ, езыхэр зыхуэныкъуэхэр къызэфІагъэкІыжыфу Іуэхур зэтегъэпсыхьыным, бюджетзэхуаку трансфертхэр зэрырат щыкІэр егъэфІэкІуэным, щІыналъэхэм щІыхуэу ятелъыр гъэмэщІэнымрэ бюджет мылЬкум и хьэкъкІэ инвестицэхэр хэлъхьэнымрэ. Комиссэм и зэІущІэр зытеуха Іуэхуэхэр щызэпкърахым щІыналъэхэм жэрдэм зыбжанэ кьыхалъхьащ узынщагъэр хъумэн, транспорт Іэнатіэхэм, социальнэ и лъэныкъуэкІэ зыхуэныкъуэхэмкІэ кьызэгъэпэщыным, инфраструктурэм зегъэужьыным ятеухуауэ.

Республикэм и унафэщІхэм гулъытэшхуэ хуащІ бюджет политикэр тэмэму уБзыхуауэ егъэкІуэкІыным. Фигу къэдгъэкІыжьынщи, КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек КЪБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъэзам кьыщигъэлъэгъуащ 2020 гъэм республикэм и бюджетыр иджы япэ дыдэу сом мелард 50-м зэрыщІигъуар, ар 2019 гъэм елъытауэ процентри 139,7-рэ хъуащ. Абы кьыдэкІуэуи, налогхэмкІэ, налогыу щымыт хэхъуэхэмкІи 2019 гъэм елъытауэ ехьулІэныгъэхэр щыІащ, яубзыхуауэ щытахэри нэсу ягъэзэщІащ. Апхуэдэуи щІыналъэм и бюджетым коммерцэ щыхуэхэр телъыжькъым, къэрал кІуэцІ щІыхуэри зэгъэмащІэн хуэзэфІэкІащ, 2018 гъэм и пэщІэдзэм елъытауэ, абы сом меларди 4,9-рэ хагъэщІащ. «Илъэсыр гугъуу зэрыщытам щхьэкІи къэмынэу, 2020 гъэм дэ ахэр иджыри сом мелуан 720-кІэ дгъэмэщІащ. Коммерцэ банкхэм я щІыхуэ республикэм телъкъым», - щІыналъэм и Унафэщым Парламентым Зэрызыгъэзам кьыщыкІугъущауэ щытащ, апхуэдэ лэжьакІэм и ефІэкІыныгъэхэм инфраструктурэ ухуэныгъэхэм зегъэужьыным зэращыщыр кьыхигъэщу.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, КІуэкІуэ Казбек я пашэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэу Дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэ-2021-м хэтхэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ «Росгеология» къэрал Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ Горьков Сергейрэ Іэ традэщ зэдэлэжьэным теухуа зэгурыІуэныгъэм

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек мэкъуауэгъуэм и 3-м Санкт-Петербург щыІущІащ «Росгеология» акционер зэгуэныгъэм и генеральнэ директор - правленэм и унафэщІ Горьков Сергей. Зэпсэлъа нэужь абыхэм Іэ традэщ зэрызэдэлэжьэнухэр щыуБзыхуа зэгурыІуэныгъэм.

«КЪЭРАЛЫМ щынэхъ ин дыдэ, и зэфІэкІкІи щынэхъ лъэрызехьэ геологие къулькъущ Іапі эм зэгурыІуэныгъэ епщІыщІэм Іэмалышхуэхэр кьыщыпхъэзІуэм и щытыкІэр зыхуэдэр къэпщытэн, щІэлъ хьугъуэфІыгъуэхэр кьэхутэн, ахэр кьыщІэхауэ елэжьын Іэнатіэхэм», - кьыщыхигъэщащ КІуэкІуэ Казбек зэІущІэм.

«Росгеология»-рщ Урысей Федерацэм къэрал заказхэр гъэзэщІэным ехьэлІа лэжьыгъэхэр зэкІэлъыгъэкІуэныкІэ хуитыныгъэ нэхъыщхьэхэр зыбгъэдэлъыр, абы и мылЬкум и процентищэри къэралым ейщ. «Росгеология»-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щрегъэкІуэкІ дыщэ къэпъыхьуэным, ди щІыналъэм апхуэдэу щІэлъыр зыхуэдизыр къэхутэным ехьэлІа лэжьыгъэхэр, дыщэ кьыщІэхьапІэ Іуэхущ Іапі э республикэм кьыщІэзэгъэпэщыным Іуэхуэ Іуэхуэхэм яужь щитщ.

ЩІыщІагъ хъугъуэфІыгъуэхэр кьыщІэхьи Іэнатіэм щІыналъэ валовэ продуктым зэкІэ щыубыдыр процент 0,3-рэщ, а унэтІныныгъэм зрагъэужьын мурадкІэ зэхалъхьэ республикэм и щІыуэпс гъэтІылъыгъэхэр здэщІыпхэр, ахэр зыхуэдизыр кьыщыгъэлъэгъуауэ щытыну картэ.

Къимыдэкіэ, зэгурыІуэныгъэм зэрыщыуБзыхуам тету, республикэм щрагъэкІуэкІынущ щІыщІагъыпсу ди деж щыІэр зыхуэдизыр къэхутэным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр. «Росгеология»-м и Іэщ Іагъэлі эм зэрыжаІэмкІэ, геологие къэхутэныгъэхэм щІыщІагъыпс гъэтІылъыгъэщІэхэр кьариКІуэну угугъэ хъунущ.

Къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІынущ иджыпей технологие нэхъ пажэхэр я лъабжьэу, щІыр щаубрукІи апхуэдэхэрщ кьагъэсебэпынур.

Іэ зытрадза зэгурыІуэныгъэр хуэунэтІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыуэпс кьугъуэфІыгъуэхэр фейдэ нэхъыбэ пылъу кьэгъэсебэпыным, дыкъуэзыхъуреихь дунейр хъумэным, щІыуэпс гъэтІылъыгъэхэр зэгъэзэхуауэ кьэгъэсебэпыным, инвестицэ инфраструктурэщІэ республикэм щыубзыхуным.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ «Газпром межрегионгаз» зэгухьэныгъэм и генеральнэ директор Густов Сергейрэ тепсэлъыхьащ псэупІэхэм газыр пщІэншэу ешэлІэным теухуа Іуэхум

«Урысейм и Президентым а и пщэрылъым республикэм щыпсэу куэдым я дежкІэ мыхьэнэшхуэ дыдэ иІэщ. Законыщ Іэр хуэщхьэпэнущ ди къалэхэмрэ къуажэхэмрэ зегъэужьыным, щІыхуэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным», - къыхигъэщащ КІуэкІуэ Казбек.

ПЕТЕРБУРГ щекІуэкІ дунейпсо экономикэ зэхуэсым КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек щыІущІащ «Газпром межрегионгаз» ООО-м и генеральнэ директор Густов Сергей.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ щІыхуэхэм пщІэншэу газ яхущІэшэным теухуа законыр, УФ-м и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъазам кьыщигъэувэжэр гъэзэщІэным ипкъ иткІэ Къэрал Думэм гъубж кІуам кьищтар, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыгъэзэщІэным ехьэлІа Іуэхуэхэм.

Газ щІэшэным теухуа мылЬкур - газ бжьамийм дежкІэ кьыщыщІэдзауэ щІапІэм и гъунапкъэм нэсу щэным текІуэдэнур - зыхухахынухэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхагъэхьащ унэ минитхум щІигъу. Абы текІуэдэну къалъытащ сом мелуан 600 хуэдиз. Газ зимыІэхэм яхущІэшэным яужь ихьэну я мурадщ дызэрыт илъэсым и щэкІуэгъуэ мазэм щегъэжьауэ.

«Урысейм и Президентым а пщэрылъыр республикэм щыпсэу куэдым я дежкІэ мыхьэнэшхуэ дыдэ иІэщ. ЗаконыщІэр хуэщхьэпэнущ ди къалэхэмрэ къуажэхэмрэ зегъэужьыным, щІыхуэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным», - къыхигъэщ-хьэхукІащ КІуэкІуэ Казбек.

Законым зэрыщыубзыхуамкІэ, жылэм ешэлІа газ бжьамийм къыщыщІэдзауэ щІыху хэхам и унэм и гъунапкъэм нэсыху гъэсыныпхъэ ткІуэткІуэр хуашэн хуейщ къэралым и хьэкъкІэ, езым и лъапсэм ар щызэбгрыщыным текІуэдэнур унагъуэм и мылЬкум къыхихыжынуц. Абы къыдэкІуэу, щІыхуэм ятын хуей пщІэр инфлящэм щхьэпрыкІ хъунукъым, инвестицэм щхьэкІэ тралъхьэ хущІыгъуныгъэхэри хабжэнукъым.

Апхуэдэу, законым халъхьа зэхуэхьэкІыныгъэхэм япхъ иткІэ, гъэсэныпхъэ-энергетикэ зэхуэгъэкІуэныгъэхэр кьэзыщтэнур Федерацэм хьыхь щІыналъэм и Іэтащхьэщ икІи ар и лъабжьэущ газыр щІэщэным и щІыналъэ программэхэр зэрызэхалъхьэнур.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Гу зылъытапхъэ

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщІэ

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

2021 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм цІыхухэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадз зэманым щІндзащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрихьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ - бадзэуэгъуэм (июлым) къыщыщІэдзауэ ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Іуэхущ Іапі эми.

Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 698-рэщ.

Ди индексыр П 5894

● Псапэ

Гуимыхуж махуэщI къыхузэрагъэпэщ

Бахъсэн щIыналъэм щэнхабзэмкIэ и Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэхэм Зеикъуэ къуажэ дэт, сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэхэм я нэIэ щIэмытыжхэмрэ я еджапIэм и къудамэу зи акъылкIэ сэкъат зиIэхэм я интернатым и гъэсэнхэм папщIэ гуимыхуж махуэщI къыхузэрагъэпэщащ Сабийхэр хьумэным и дунейпсо махуэм. Сабий 80 хуэдиз зыщIэс еджапIэр а махуэм къыпхуэмыщIыхужыну щIэращIэт, щIыкIуи ини нэжэгужат, жыпIэнурамэ, гуфIэгъуэшхуэт.

ЦIыкIуэхэм я гукъыдэжым зрагъэIэтыну псысэхэм хэт лIыхъужьхэм я щыгъынкIэ хуэпа джэгуакIуэхэр, уэрэджьыкIуэхэр, гушыIакIуэхэр сэлъеблагъат. Абыхэм я гъэхьэзыра нэгузыужь зэхьэзэхуэхэм сабийхэр жану хьхьэрт, утыку кърахьэ кьафэхэми хэувэрт, уэрэдхэр зэщIэжьыуэу зэдыжьаIэрт.

«Хуабагъэ IэфIагъэ хуэмыныкъуэ сабий щIыкIэным. Ар абыхэм къахуэззыIыгъэпэщыфынури балигъэхрщ. Абыхэм яIэну гукъыдэжыр, яхэпIыну нэщхьыфIагъыр дэращ зэлъытар. Сабийхэр хьумэным и махуэм дыхуейтдэтхэнэ зы щIыкIыми насыпыфIэу зыкъыпIытэжыну, кьаззэрыфIэIуэкIр, фIыуэ зэралъагъур дэтхэнэми зыхищIэну. Дыщогугъ ди щIэлэм псэукIэ дахэ яIэну, гулъытэрэ зэхуэгъэкIуатэрэ щыбэ дуней тетыну. Дыкъызыхьхьа сабийхэр куэд зыхуэныкъуэщ, яхуэтщIэфыр дгъэгуфIэнращи, абы щымыщIэу псэуну ди гуапэщ», - жиIащ Бахъсэн щIыналъэм щэнхабзэмкIэ и Iуэхущ1апIэм и унафэщIым и къуэдзэ Тхьэмадокъуэ Зерэ.

«Нобэрей махуэм хьщIэхэм нэфIэгуфIэ ящIа щIыкIуэхэм уахэплъэныр дэркIэ зимыуасэ щыIэкъым, - кьыдде-гуэшащ интернатым и унафэщI Щоджэн Мадинэ. - А гукъыдэж ягъуэтам зэщIиныгъэу сабийхэр иджыри зыбжанэрэ екIуэкIынущ. Уеблэмэ, еджэным дыпихьэжа нэужьи, абы и джэрпэджэжьыр иджыри зыкъомрэ ужьхьыркъым - иропсалъэ, ягу кьагъэкIыж, я гукъыдэжыр зэтесу ирырегъэхьэжI. Сабийхэр хьумэным и дунейпсо махуэр езыхэм зэратеухуар ящIэу, ар зэрагъэмахуэщIынуми пэплъэу апхуэдэщ ди гъэсэнхэр. Дэри аращ дызыхуейр - щIыхур абыхэм зэрахуэныкъуэр зыхащIэу, фIыуэ зэралъагъур ящIэу, зытет дунейм гужьгъэжь хуамыщIу къэгъэтэджыныкъщ. Ди хьэщIэхэм фIыщIэ яхудощI ди сабийхэм къыхуащIа гулъытэм папщIэ».

Бахъсэн щIыналъэм щIыпIэ унафэр щIэзэгъэкIуэныжмкIэ и Iуэхущ1апIэм къыбгъэдэкIыу щIыкIуэхэр тыгъэхэмкIэ ягъэгуфIащ, сурэт зытрагъэхащ.

ЗЕЙ Роза.

● Нобэ Экологым и махуэщ

Къэралищэм щIигъум щагъэлъапIэ

ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и зи чэзу зэхуэсым, 1972 гъэм мэкъуаугъэм и 5-м Швециеми и къалащхьэ Стокгольм щыIэзэхэтам, щытепсэлъыхьащ дыкъэзыуху-реихь дунейм къыщыхьу Iуэхугъуэ мыщхьэпэхэу арэзы дызытехъуэнкIэ Iэмал зимыIэхэм. ЩIыуэпсым и щытыкIэм кIэлъыплъыным хуэгъэза япэ программэр (ЮНЕП), къэралыгъуэ иужькIэ арэзы зытехъуар, щыIэзехагъэувари абы щыгъуэщ.

АБДЕЖым къыщегъэжьауэ, мэкъуаугъэм и 5-р Дыкъэзыуху-реихь дунейр хьумэным и махуэу ООН-м хьхьэ къэрал псоми къыщалъытащ. Зы гъэ къэмынэу, ар щагъэлъапIэ къэрали 100-м щигъум.

ЩIыуэпсыр хьумэным, и щытыкIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа Iуэхугъуэхэр къыщызэрагъэпэщ а IалъэмУрысей Федерацэм, 2007 гъэм къыщыщIэдзауэ, «Экологым и махуэ» хужаIэ.

Мэкъуаугъэм и 5-м, хабзэ зэрыхъуауэ, дыкъэзыуху-реихь дунейм гулъытэ хэха хуэщIыным хуэгъэза лэжьыгъэхэр дэнэ дэунэмкIэ щрагъэкIуэкI: къалэ уэрамхэм лъакъуэ-рыгъажэм дихьэхэр щызэхуащIэ, зыгъэпсэхупIэхэм щIыуэпсым и щытыкIэм щыгъуэзэ уахуэзыщI гъэпсыгъэныгъэхэр къыщызэIуах, курыт школхэм концертхэр, зэпеуэхэр къыщызэрагъэпэщ, зи гугъу тщIы Iуэхугъуэхэм еджакIуэхэр трагъэтхьыс, ныбжьыщIэхэм яжьыщIэхэр храгъасэ, пхъэнкIийхэр зыщIрагъакъуэ.

Экологым и махуэр псом япэу зыгъэпсыгъэ щыIэ хьхьубэр арами, къэрал куэдым я политикэми абы гулъытэ хэIэтыкIа хуащI, дыкъэзыуху-реихь дунейм дыхуэсакъын зэрызыужьи жылагъуэр къыхураджэу, хуэзщIагъэуIэуу...

ГъэщIэгъуэнэ

●Амазонкэм псыIагъэр щебэкI и мэзхэм ди планетэм и атмосферэм хьхьэ кислородым и Iыхьэ тхуанэм щIигъур къат.

●Швецием и Правительствэм зэхигъэува программэм лэжьэн зэрыщIрагъадзэрэ, а хэкум, зы илъэс къэмынэу, кIэрыхухьэрыхуу тонн 80-м нэблагъэ ирашалIэ. А щыналъэм нэгъуэщI къэралхэм апхуэдэ «тыгъэ» къащIыРихьим щхьэусыгъуэ иIэщ: пхъэнкIий-кIэрыхубжьэрыхуэхэр щагъэзэшжкIэ электрокъаруэ кьыхэзыхагъэкIыф технологие кьыхэзыщагупсысарщ.

●США-м щыпсэуэхэм «къащыдэхуэ» пхъэнкIийхэм я зы процентыр сабий щIынэхэм кIэлъыхэзрахьэ подгузникхэращ. Нэхъ щынагъуэжыр аращи, ахэр щым щыхэсеежьыр илъэс 250-рэ дэжIа иужькIэщ.

●Хьы Хуэм зи фIэщыгъэ псы итыпIэ абрагъуэм ищхьэрэкIэ гъэза и Iыхьэм, псори зэкэту, километр зэбгъуэзнатIэу мелуан 1,5-м нэблагъэм, щоуфафэ-щоуфэразэ Азиемрэ Америкэмрэ я къэралхэм пластикым къыхэщIыкIа я кIэрыхубжьэрыхуу тонни 100 хуэдиз.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.



● Тхьлъыщ1э

ЩIэныгъэщIэкъум и дуней телъыджэ

Бейтыгъуэн Сэфарбий иджыри и зы щIэнгъуэзэ кьыдэкIащ. «Панорама мировых имён: вершины в оригинальных терминах» - араш и лэжьыгъэм фищар.

МЫБЫ илэкIэ, 2010 гъэм, дунейм къыштехьащ «Великие личности и ценности. Мир острой критики», 2015 гъэм - «Пионеры всемирной истории», «Кабардинцы: факты истории в архивных документах и материалах» (2018) щIэнгъуэзэхэр.

IуэхуитIым зэуэ гу лъывзэгъэтэнут: тхьIпилIыр кьыщыдэкIа гъэхэмрэ мы тхьIпхэр псори зэрыщIэнгъуэзэмрэ. ИльэсипщIым къриубыдащ а лэжьыгъэшхуэр!

Сыщыкъэнри хэлъщ, ауэ зы цIыху щIэнгъуэзэ зэхигъэувэным тегушхэн папщIэ, е абы щIэныгъэшхуэ бгъэдэлъщ, е апхуэдэу закъэщигъэхъуну хэтщ. Бейтыгъуэным и лэжьэкIэм щыгъуэзэхэм ящIэ «закъэщигъэхъуным» ар зэрыпIэжьжьыр. Ар езыр-езыру, щIэныгъэр и гъуэзэу ирокIуэ зэгуэр зытеува лъагъуэм, дуней зэрызехьэм къыхэмыхьащзу. Апхуэдизу щIэщIауэ щIэлажьэрэ езым ищIэмкIэ къыпщхьэпэну зэрыхуейр арагъэнщ.

ЩIэныгъэ зиIэ, щхьэхуитныгъэ зэзыгъэжьифа, гушыIэ зыхэлъ цIыхуэ мыр, жиIэнщ, езыр имыцIыхуу, абы и тхьIпхэр щIэлажьэрэ щыIэ. Ар къыпхуэжаIэн папщIэ уи нэхъыжьхэм яхэлъам щыщ уи лъым къыхэнауэ, гугъу зебгъэхьу уеджауэ, узэджам акъыл къыхэпхауэ зы ныбжь гуэрым унэсын хуейщ.

Кууагърэ дахагъэкIэ гъэнщIа гупсысэм и лъыхъуакIуэу и гъащIэр ихьами ярейуэ, Сэфарбий и тхьIпхэр ди зэманым къэкIупс: тхьIгъэхэр кIэщIщ, гурыIуэгъуэщ, щIэныгъэ къызыхэпхащ. Ахэр илъэс пщIы бжьыгъэкIэ зэхуитхьэсщ, зытеухуам елъытауэ зэригъэувIуэхэри, тхьIпхэ гъэщIэгъуэныщIуэ тыгъэ къытхуищIащ. НэгъуэщIхэм ятхам игу ирихьу кьыхихам езым и IэдакъэщIэкIи дыщIигъащ, дыдейэри яцIыхупхъащ, жьхуиIэ щIыкIэу. Сэфарбий зэхигъэува щIэнгъуэзэхэм я гугъу щещI ди республикэм, Кавказ Ищхьэрэм щыщ щIэныгъэлI, тхакIуэ, усакIуэ, драматург, политик, жылагъуэ лэжьакIуэ куэдым.

Мы псор жытIэн уеблэ щIэхъуа иужьрей щIэнгъуэзэр Iыхьипщ1у гуэшащ. Псалъэм папщIэ, япэ, етIуанэ Iыхьэхэр ятеухуащ Урысей Федерацэмрэ хамэ жьэрахлэжьмрэ: пащтыкъэр; къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэхэр; дзэпIэхэр; революцэ-демократ зэщIэхьееныгъэм хэтахэр; тхакIуэхэр. Адрей Iыхьэхэр - философхэм, щIэныгъэлIэхэм, цIыхубзхэм, экономикэм, тIасхъэщIэххэм, гъуэзджэм, спортым ятеухуащ.

Бейтыгъуэным и щIэнгъуэзэм еджэхэм гу лъатэнущ ди тхьэкIумэм ирамыгъэкIыуэр щихъ, тхьэпэлъытэ тщащIа куэдым я дуней тетыкIам нэгъуэщI нэкIэ узэрыригъэплъым, зытебгъэува лъагаIэм языныкъуэхэр «къызэрыпфридзыхьэм». Сэфарбий ар щIищIэр зы идеологием зыдедмыгъэзэхьэкын, цIыхум и хьэл-щэнымрэ и гуращэмрэ здынэсыр дымыщIэу и «нып» дыщIэмыувэн папщIэу къысщохъу. Ар щыпхъэщIэкIынрэ щIэныгъэ уиIэмэщ, ЩIыр куэд щIауэ къызэрекIэрэхъуэкIыр, цIыхухэм я хьэл-щэным щIагъуэу зэрызимыхьэжьыр къыбгурыIуэмэщ.

Сэфарбий ейуэ сызэджам тызощIыхьри, ахэр зэригъэнщIа щIэныгъэ-ми, гушыIэми, нэр изыщI пэжми ящэ сфищу хэлъыр тхакIуэм и щхьэхуитныгъэращ - и акъылыр зыхуэкIуар игурэ и псэрэ хуиту кьеIуатэ. Зощенко Михаил «писатель с перепутанной душой» жьхуиIэ щытыкIэр Бейтыгъуэным пхуехьэлIэнукъым. Девгъэплъыт Сэфарбий и жьIэгъуэхэм, эссеехэм, тхьIгъэ кIэщIхэм щхьэхуитныгъэ зэлъым! ГъащIэ гъуэмылэ (щIэныгъэрэ акъылу жьхуэсIэщ) зэхуэзыхьэсыфаращ, апхуэдэ хуитныгъэ зэзыгъэжьифыным ар зэкIуныр.

Мы тхьIпхэр зыхуэгъэзар тхьидэ, филологие, философие, политикэ Iуэхуэхэм щыщ зи лэжьыгъэращ. Мы щIэнгъуэзэм итым гугъу зригъэхьу еджэн студентхэм кьахэкIмэ, Iущ, жьакIуэ хъунымкIэ кьахуэщхьэпэнущ.

ШИРДИЙ Маринэ.

● Фрагъэблагъэ

Хъыршыным и махуэ

Мэкъуаугъэм и 12-м Псыкъелъэ щыкIуэхэм, Шэджэм Ищхьэрэрэ Хъущтэ-Сыртрэ деж, щекIуэкIынущ «Хъыршыным и махуэшхуэ» зыфIаща республикэ фестивальр. Ар кьызэрегъэпэщ щIыхуб Iэпщ1элъапщIэхэм я «УСТА» зэгухьныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ жылагъуэ Орхьэм.

ЗЭХЫХЬэР егъэкIуэкIыным арэзы техъуащ Шэджэм муниципальнэ районымрэ Шэджэм Ищхьэрэ къуажэмрэ я щIыпIэ администрацэхэр, Шэджэм щIыналъэм ЩэнхабзэмкIэ и управленэр.

Фестивалым и кьызэгъэпэщакIуэхэм я мурадыр зытеухуэжар республикэм ис лъэпкъхэм я щэнхабзэ щIэним щIалэгъуалэм пщIэ хуащIу къэгъэтэджыныращ, щIыхубэ Iэпщ1элъапщIагъэм гу хурагъэщIыну, ирагъэкIыжмэну, зрагъэужьыну зэрыхуейращ. КьыщынэмыщIауэ, апхуэдэ Iэмалкъэ хагъэплъэжынущ кьэрэшейхэмрэ балъкъэрхэмрэ я тхьидэм. Ди къэрал псом къыщащIа я лъэпкъ шIыныгъуэ хъыршыныр нэхъри ящIэтныщ. Кьалэну зыхуагъэувыжхэм ящыщщ хъыршын лIэужьыгъуэхэр (дальхьэм елъытауэ) зэрахьумар, ахэр зэрапщэфыр ягъэльэгъуэныр, а шхыныгъуэр гъэхьэзырыным хуэIэкIуэлъакIуэхэр ягъэльэпIэныр.

Фестивалым хэтыну кьрагъэблагъащ цIыхубз Iэщ1агъэхэм, шхыныгъуэхэр гъэхьэзырыным ехьэлIауэ щIэныгъэ зиIэхэри я Iуэхуэхэм дихьэхэри.

Зэхуэсым щIидзэнущ сыхьэт 11-м.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Ди газетым мэкъуаугъэм и 2-м тета «IутIанэ» адыгэ псалъэзэблэдзым и жэуапхэр

***ЕлIуэкIыу*: 1.** Къуэпс **3**. Аргъей **6**. Нахьтэ **11**. КIэпхъ **12**. Тхьэмпэ **13**. Хьыбар **14**. Блэгъу **16**. Хьэсанш **20**. Трамэ **21**. ЩIыIу **24**. Ханко **26**. ГуащIэпэ **27**. Лъакъуэху **29**. КIадз **30**. Гъур **31**. УнэIут **33**. Сосрыкъуэ **36**. Нэгъуджэ **38**. Бганэ **39**. Еру **42**. Сауг **44**. Сэро **47**. Бру **48**. Гъэгъаишхуэ **49**. Мэжджитыдз **50**. ПшаХьэпль **52**. Уэсэпс **54**. НабдзэщIэч **57**. Ахъшэ **58**. Аранэ **60**. Мэзыш **62**. Фэкъу **63**. Пщэпкъ **67**. Щхьэмыж **70**. Щтэ **71**. Хьэнэпс **74**. Пхъуантэшхуэ **75**. Пхъэхь **77**. Хупс **79**. Жэщцырыв **80**. Гуащэщхьэц **81**. КIэн **83**. Тезыр **85**. Бжэнудз **86**. Шырыкъу **87**. Тъуэжьей **89**.Унэгуащэ **90**. Пхъэлъантхъуэ **91**. Мэсиртэ.

***Къехьу*: 1**. КъуакIэбгыкIэ **2**. Пыпхъуэ **4**. Роман **5**. Ерэч **7**. Амбар **8**. Тхъурымбэ **9**. Кхъухь **10**. Пхъы **12**. ТхьэщIапс **15**. Гъущ **17**. Апэсы **18**. Шхэгъуэ **19**. Iунэ **20**. Толъкъун **22**. IутIанэ **23**. Кьаис **25**. Адыгагъэ. **28**. Къуэгъу **31**. Ужэишэ **32**. Тас **34**. Рис **35**. Ерыжьыб **37**. Джардз **40**. ЕгъэзджакIуэ **41**. Шхупъэ **43**. Тэхъуанэ **45**. Оман **46**. Пшиэ **47**. Бубэ **50**. Псапэ **51**. ЛъэщIэс **52**. Уэрэджэ **53**. Сом **55**. Дзэпщ **56**. ЩIакIуэ **59**. Дзажэ **61**. Шхэпс **64**. Щапхъэншэ **65**. КьэнжалыщIэ **66**. Пщадзъ **68**. Мэлуку **69**. Кхъуэ **70**. ЩIэкIуэгъуэ **71**. Хьэжьыбзу **72**. Ныщхьэбэ **73**. Парауна **76**. Хьэнтхъупс **78**. Сармат **82**. Джей **84**. Заир **88**. Хъуэт.

Мы махуэхэм

Мэкъуаугъэм и 5, *щIэбэт*

♦Дыкъэзыуху-реихь щIыуэпсым и дунейпсо махуэщ

♦Хабзэр къызэпауду бдзэжьей къэуфыщIыным, ар щэнхабзэмрэ и дунейпсо махуэщ

♦Урысей полицэр къыщызэрагъэпэща махуэщ

♦Урысеймрэ Къэзахъстанымрэ щагъэлъапIэ Экологым и махуэр

♦Дание пащтыкъыгъэм и конституцэм и махуэщ

♦1706 гъэм Москва къыщыIэIуахащ дзэ сымаджэщ (иджы - Бурденко Н. Н. и цIэр зезыхьэ дзэ клиникэ госпиталь нэхъыщхьэрщ).

♦1783 гъэм Франджым щыщ Монгольфье зэкъуэшхэу Жозеф-Мишелрэ Жак-Этьеннрэ дунейм щыяпэу уэгум ирауТIупщыащ бахъэкIэ лажьэ аэростатыр. ЦIыхубэм илъэсищэ дэкIыжа иужькIэ уэгум щыпхаша гъуэгум и лъагъуэр къахузIуэзыхар ахэрщ.

♦1881 гъэм хирургэм я урысей зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦1945 гъэм Берлин Iэ щытрадзащ Германиер зэрыхагъэщIамкIэ икIи СССР-м, США-м, Инджылызым, Франджым я правительствэхэм Германием и власть нэхъыщхьэм и къалэнхэр зэрагъэзэщIэнум теухуа декларацэм. А къэралхэм я дзэзешэхэу Жуков Георгий, Эйзенхауэр Дуайт, Монтгомери Бернард, Латр де Тассиньи сымэщ абы си Iэ щIэлъыр.

♦1954 гъэм Москва Эстрадэм и театр къыщыщIэзIуахащ.

♦1967 гъэм КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыщIидзащ къэрыпI-израиль зауэм. Ар тхыдэм хьихащ Махуих зауэ цIэр иIэу - Израилыр Мысырым, Иорданием, Сирием ятеуат.

♦1981 гъэм США-м узыфэхэм якIэлъыплъыныжмкIэ и центрым и щIэныгъэзэхэм узыфэщIэ - СПИД зыфIащар - къэхутащ.

♦Журналист, тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бекъан Чыланий** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и мелиоратор **Мамхэгъ Алексей** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Польшэм щыщ актрисэ цIэрыIуэ, ди къэралым щытраха фильм куэдми щыджэгуа **Брыльска Барбарэ** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, публицист **Бещтокъуэ Хьэбас** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Радиожурналист **Къудей Лидэ** къыщалъхуэ махуэщ.

♦УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, псы еныжьмкIэ тренер, Урысей Федерацэм ЛэжьыгъэмкIэ и ЛIыхъужь **Покровская Татьянэ** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Урысей тхакIуэ, политикэ, МКъУ-м и профессор, телевиденэм «ЩIалэ, пщащэ Iуш, цIыкIуэхэ» нэтын щIэрыIуэр щезыгъэкIуэкI **Вяземский Юрий** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦ШIэрджэс еджагъэшхэу, мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор **Мамбэт Муратин** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **ФиIэпщэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

♦Теленэтынхэр езыгъэкIуэкI, «Япэ каналым» сабийхэм папщIэ, апхуэдэуи нэгузыужь нэтынхэр зыгъэхьэзыр и IэнатIэмкIэ и унафэщI **Пельш Валдис** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

♦Урысей фигуристкэ, Олимп Джэгуэхэм я чемпионкэ **Липницкая Юлие** и ныбжьыр илъэс 23-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 18, жэщым градус 14 - 15 щыхъунущ.

Мэкъуаугъэм и 6, *тхьэмахуэ*

♦Гуэлхэр, псыхэр гъэкъэбзэным и дунейпсо махуэщ

♦Урысыбзэм и махуэщ. Ар ООН-м ЖыIагъуэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэмкIи и департаментым и жэрдэмкIэ ягъэуващ 2010 гъэм, УФ-м щагъэлъапIэ 2011 гъэм къыщыщIэдзауэ. Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм нэхъ къигъэсэбэп бзиным ящыщщ урысыбзэр, инджылызыбзэм, хьэрыпыбзэм, испанибзэм, китаибзэм, гурыIуэгъэ нэхъ ящыщ дыдэу.

♦Пушкиным и махуэр Урысеймрэ щагъэлъапIэ. 1799 гъэм къалъхуащ усакIуэ, тхакIуэ щэджащэ Пушкин Александр.

♦Украинэм журналистым и махуэр щагъэлъапIэ

♦Къэзахъстаным и Финанс полицэм и махуэщ

♦Швециеми и Ныпым и махуэщ

♦Швейцариеми лъагъуныгъэм и махуэр щагъэлъапIэ

♦1882 гъэм США-м щыщ Сили Генри электрокъаруKIэ лажьэ ету къызэригупсысам щыхьэт техъуэ тхьIлъ иратащ.

♦1922 гъэм цIыхубэ комиссархэм я советым и унафэкIэ къызэрагъэпэщауэ щытащ литературэмрэ тхьIлъ къыдзэригъэкI Iуэхущ1апIэхэмрэ я управленэ нэхъыщхьэр (Главлит). Къэралым 1990 гъэхэм щекIуэкIа зэхуэхьэныгъэхэм я зэманым зэбграгупIащIкIыжауэ щытащ.

♦1922 гъэм къыдзэкIыу щIидзащ «Крестьянка» литературэ-художественнэ журналыр.

♦1944 гъэм етIуанэ фронтыр къызэIуахащ.

♦1945 гъэм «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм и кьару емыблэжу зэрылэжьам папщIэ» медалыр ягъэуващ.

♦1957 гъэм къэралым щыяпэу Москва «Детский мир» тыкуэныр къыщызэIуахащ. Сабий хьэпшыпхэр щащэ апхуэдэ тыкуэнхэр къыкIэлъыкIуэ илъэсхэм щылажьэ хъуащ СССР-м и адрей къалэпсухэхэми.

♦1992 гъэм Урысейм и Президент Ельцин Борис Iэ щIидзащ Москва къалэм и Iэтащхьэу Лужков Юрий зэриджэувым теухуа унафэм.

♦Урыс дзэзешэ цIэрыIуэ **Невский Александр** къызэралъхурэ илъэс 801-рэ ирокъу.

♦Нэмыцкэ тхакIуэ цIэрыIуэ, Нобель и саугъэтыр 1929 гъэм зрата **Манн Томас** къызэралъхурэ илъэси 146-рэ ирокъу.

♦«Спартак», «Гаянэ» балет цIэрыIуэхэр, нэгъуэщI куэди зытха ермэлыч композитор, СССР-м и цIыхубэ артист, Социалист ЛэжьыгъэмкIэ и ЛIыхъужь, Совет Союзым и Къэрал саугъэтыр зрата **Хачатурян Арам** къызэралъхурэ илъэси 118-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ цIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубэ артисткэ, Сталиным и цIэр зэриблэжу яту щыта саугъэтыр 1951 гъэм зыхуагъэфаща **Пельтцер Татьянэ** къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, егъэджакIуэ, СССР-м егъэджэныгъэмкIэ и лэжьакIуэ пажэ **Апажэ Ахьмэд** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, ГъуэдзжэхэмкIэ Петровскэ академием и академик, УФ-м метеорологиемкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къалэ Хьэжбарэ** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Абыдэ Мусэ** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 19, жэщым градус 14 - 15 щыхъунущ.

Мэкъуаугъэм и 7, *блыщIкъэ*

♦Ерыскъыпхъэхэр цIыхум и узынщагъэм джакIэ шынагъэншэу щытыным и дунейпсо махуэщ

♦Урысеймрэ и мелиораторым и махуэщ

♦Алтай Республикэм и конституцэр къыщащта махуэщ

♦Испаниеми щагъэлъапIэ Республикэм и махуэр

♦1340 гъэм Голландиеми Роттердам къалэм и лъабжьэр щагъэтIыLащ.

♦1498 гъэм Колумб Христофор ежьащ дунейр къызэхиIухьыну, иджы ещанэу.

♦1732 гъэм Санкт-Петербург ялэ ЩIымахуэ уардэуныем, пащтыкъ гуащэ Иоанн ипхъу Аннэ хуаухуам, и лъабжьэр щагъэтIыLыащ.

♦1775 гъэм Колоние Зэгуэтхэм я цIэр Америкэм и Штат Зэгуэтхэр жиIэу зэрахьуэкIащ.

♦1972 гъэм Москва щыщIадзащ шыхэр зыщIэщIа гухэмкIэ цIыхухэр къыщращэкIыну гъэгуэгуэныр.

♦1881 гъэм Пушкин Александр и фэеплъ Москва къыщыщIэIуахащ.

♦1903 гъэм франджы щIэныгъэлI Кюри Пьер Берлин къалэм хэIущIыну щищIащ полоний химие пкъыгъуэщIэр къызэрихутар.

♦1919 гъэм Нью-Йорк ялэу щекIуэкIащ автомобилыр зегъэкIуэным зэрыхуэхъэзырыр къызэрапщытэ экзаменхэр.

♦1936 гъэм КъБР-м Физкультурэмрэ спортымкIэ и республикэ комитет къызэрагъэпэщащ.

♦1960 гъэм Сауд Зэхырыпым цIыхубзхэр хуит щащIащ щIэныгъэ зрагъэхъуныну.

♦2008 гъэм Европэм футболымкIэ и чемпионатым щIидзащ. Ар Австриемрэ Швейцариемрэ щекIуэкIащ мэкъуаугъэуэм и 7-м къыщыщIэдзауэ мэкъуаугъэуэм и 29 щIондэ. Абы щытекIуаеу щытащ Испаниеми и командэ къыхэкар.

♦Уэрэджы IакIуэ цIэрыIуэ, РСФСР-м и цIыхубэ артист **Собинов Леонид** къызэралъхурэ илъэси 149-рэ ирокъу.

♦Дзэ къулыкъущIэ, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым и ЛIыхъужь **Мерецков Кирилл** къызэралъхурэ илъэси 124-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, усакIуэ-уэрэдыс, драматург, актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Арканов** и (унэцIэ дыдэр **Штейнбокщ**) **Аркадий** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артисткэ **Лавровэ Татьянэ** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦«Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къудзэ, драматург, АР-м щIыхь зиIэ и журналист **Хъурмэ Хьусен** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Тыркум щыщ адыгэ тхакIуэ, Нобель саугъэтым литературэмкIэ и лауреат 2006 гъэм хъуа **Памук Орхьэн** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Тэтэр Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Урысей тхакIуэ **Донцовэ Дарье** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦УэрэджыIакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Маршал Александр** (и унэцIэ дыдэр **Миньковщ**) и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Урысей теннисисткэ, 2016 гъэм Риоде-Жанейрэ (Бразилие) щекIуэкIа Олимп Джэгуэхэм щытекIуа **Макаровэ Екатеринэ** и ныбжьыр илъэс 33-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 20, жэщым градус 13 - 14 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬэКIэМЫхЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Адыгэ хабзэр адэ щIэиныжьщ.

Зи Іуэхущіафэкіэ зи ціэр гъащіэм къыхэзына бзылъхугъэ

Ціыхур псэущ абы теухуа гукъэкіыжхэр щыіэхукіэ. Дунейм зэрехьжрэ илъэс 25-рэ дэкіами, Лашынкъей къуажэм фельдшеру щылэжьа Труновэ Аннэ ноби куэдрэ гуапэу и ціэр жаІэу зэхьібох. И дуней тетыкіэмкіэ, и Іуэхущіафэ дахэхэмкіэ абы гъащіэм и лъэужь къыхинащ.

● Фэеплъ

ЗАУЭ НЭУЖЬ лъэхъэнэт ар Кавказым къыщыкіуар... Абы къыізэрещыхутам и щхьэусыгъуэ дыдэр зыщіэри езырат. Уи благъэ-Іыхьлы, цыхугъэ здэщымыІэ, хабзэ, хьэл, гупсысэкіэ щхьэхуэ щызекіуэ щыіпІэм захэбгъэзэгъэныр тыншкъым. Ауэ Аннэ хуэзэфіэкіащ лъэпкъ щыналъэм щекіуэкі гъащіэм лъэ быдэкіэ хэувэн, зэманыр зыпэмылъэща и фэеплъыр цыхухэм ягу кьринэн. Кудэкіэ ар и фіыщіэщ бзылъхугъэм иІа Іэщіагъэми.

Медицинэ лэжьакіуэхэр сыт хуэдэ зэманми гъащіэм щыпэрытщ, ауэ зауэ нэужь лъэхъэнэм ар жылагъуэр икъукіэ зыхуэныкъуэ Іэнатіэт. Зауэм къахуихьа мэжэщІалІагъэм, тхьэмыщкІагъэм, гуауэм зи гуащіэри зи къарури щІиха цІыхухэр медицинэ дэІапікъуныгъэ хущыщІэрт. А Іэщіагъэлікэр апхэдизкіэ зэпэубыдати, уеблэмэ курыт Іэщіагъэ зиІэ медицинэ лэжьакіуэхэр здэщымыІэ къуажэхэр гъунэжт. Абы ипкъ иткІэ фельдшер Іэщіагъэ зыбгъэдэлъ бзылъхугъэм и къалэныр къыпхуэмылъытэнт. Жэщ-махуэ жимыІэу лажьэрт Аннэ, сыт хуэдэ узыфэми зэрыхъукІэ и Іэзэгъуэ къыззэрыхуигъэтыным хущІэкъуу.

ЦІыхум и узыншагъэр хьумэныр жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ Іэнатіэу къззылъытэ Труновэм щыІэрыпльэ дэтхэнэ зыми и Іуэху зэтемыувэжауэ псэхугъуэ зригъэхуэнутэкъым, и дэІэпыкъуныгъэ зылъигъэсам игу хуэмызэгъауэ къыбгъэдэкІынутэкъым. А зэманым ар Іуэху къызэрыгуэкіыу къэтлъытэу щытамэ, зэман дэкІыжауэ, сэ, лэжьыгъэ и пІалъэ фІыуэ зыгъэунэхуа медицинэ лэжьакіуэм, зэрызэщІэгъуэныр къысхуэщІэркъым абы бгъэдэлъа зэфІэкІыр. Нобэрэй зэманым, медицинэм и унэтІынигъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ Іэщіагъэлікэр щыІэу, Іэмэпсымэкіэ, хущхьуэкіэ хъарзынэу дыкъызэгъэпэщауэ дыщыІпсэуи, еплъытмэ, а бзылъхугъэ щыІэм къуажэм ехьэфІэкІар къыпхуэмылъытэнщ, зы Іэщіагъэлі и фэ дэмыхуэн жьхуаІэ гугъуэхьым пэрытащ.

Ди унагъэр фІыуэ щыгуфІэзэт Труновэ Аннэ и Іуэхущіафэм. Си адэр къуажэм щыізэхэт колхозым и унафэщіти, и лэжьыгъэр куэдрэ и нэгу щІэкІащ, къищынэмыщІауэ, абы и щхьэгъусэр и ныбжьыгъут икІи и гъунэгъути, жэуаплныгъэ пылъу Іэнатіэм пэрыт дэтхэнэми хуэдэу, я унагъуэм пщІэшхуэ яхуищІырт. Медицинэ лэжьакіуэр зыхуэдэри ар зэрыщыстхи хуейри игъэнэхуат си адэм, 1943 гъэм уІэгъэу Баку дэт сымаджэщым мазихкіэ щыщІэлъам. Арат цІыхухэм и гур яхуэзІуахуэ и илъэс бжыгъэ куэд хъуауэ и закъуэу апхуэдэ Іэнатіэр хамэ щыпІэм щІэзыхьэкІ Труновэм и зэфІэкІыр игъэщІагъуэу щытепсэлъыхьыр.

«Труновэ Аннэ хуэдэу дохутыр хъуну сыхуейщ», - къызжиІауэ щытат 10-нэ класым сыщІэсу си адэм. А лъэхъэнэм ди республикэм щыІэр медицинэ училищэти, абы и хъуэпсапІэр згъэзащІэу, сыщІэтІысхьэну зызгъэхьэзырырт. Арщхьакіэ си насыпым кьрихьэкІри, а илъэсым ди республикэм щыщу Осетие Ищхъэрэ медицинэ институтым щІэтІысхьа щІыху 27-м сахэхуащ. Ар хьарзынэу къззухри, Санкт-Петербург клиникэ ординатурэр щесхьэкІащ, илъэс 31-кІэ Шэджэм районым узыншагъэр хъуэмэныкІэ и Іэнатіэм и унафэщІу сылэжьащ. Си лэжьыгъэр зэрекІуэкІам сэ сытепсэлъыхьыжыну къыстехуэркъым, ауэ шэч къытеэмыхьэу схужыІэнущ: псом япэу си Іащіагъэм сыхуэзышар Алыхьырщ, абы и ужькІэ ар зи фІыгъэр си адэмрэ Труновэ Аннэрэщ. ЗэрымыщІэкІэ гъащІэм зыри къыщыхъуркъым.

Аннэ унагъуи щиухуэжащ къыздэкІуа щІыпІэм. Къуэныкъуей Іэбубэрэ абиярэ зэгурыІуэ яку дэлъу, пщІэ, нэмыс яІэу зэдэпсэуащ, я бынхэри ди щІынальэм къыщежьэкІуэкІ хабзэхэм хуагъасэу зэдаІпащ.

Нобэ жылагъуэм щыпсэу, а лъэхъэнэм хиубыда цІыхухэм ящыщ дэтхэнэми Труновэм и ціэр жеІэнэмэ, сэ шэч къытесхьэркъым, хэти абы псалъэ гуапэ къызэрыхуигъуэтыфынум, абы теухуа гукъэкІыж дахэмкІэ къызэрыбдэгуэшэфынум. Мис апхуэдэу цІыхугъэшхуэ хэлъащ а урыс бзылъхугъэм.

ХЬЭГЪЭЖЕЙ Роэз,
КъБР-м узыншагъэр хьумэныкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ.

Лашынкъей къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ Хьэгъэжей Хьэсэн Руслан и къуэм деж

Къуажэдэсхэм къабгъэдэкІыу зыпхуэдгъэзэну дыхуейт, Труновэ Аннэ Николай и пхъур илъэс куэдкІэ псэемыблэжу щылэжьа Лашынкъей къуажэм дэт амбулаторэм абы и цІэр фІэща хъуным пыща Іуэхухэр зэфІэбгъэкІыну. Нобэ къуажэдэс балигъхэм яхэтхьам ар фІыкІэ зигу къэмыкІыж, зэмыІэза е абы имыгъэхъужа.

Труновэ Аннэ Николай и пхъур Лашынкъей къуажэм дохутыру щылэжьану къыщагъэкІуар Хэку зауэшхуэм иужькІэт. Къэралым и тхьэмыщкІэгъуэт, дохутырхэр, псом хуэмыдэу зи лэжьыгъэм фІыуэ хэзыщыкІыхэр мащІэ дыдэт. И ныбжьыр щІалэ дыдэу пэрыуат Аннэ а Іэнатіэ гугъуэм, абы и лэжьыгъэ зехьэкІэм елъы-та хъуат куэдым я гъащІэр, я узыншагъэр. Урыс бзылъхугъэм лъэпощхьэпо хуэхъурт къызэдкІуа жьлэм и бзэр зыщІэ куэд зэрыдэмысри, уи узыр дохутырым къыгурыбгъэІуэнымкІэ, абы и чэнджэщыр зэпэхьэлІэнымкІэ ари Іуэхур къззылъахъэт. Ауэ хуэмурэ хэкІыпІэ къыхуигъэтащ, Аннэрэ къуажэдэсхэмрэ фІыуэ зэрыщІэхуащ.

Кудым Іэфіу ягу къагъэкІыж Аннэ, Гиппократ и тхъэрыІуэм хуэпэжу, жащ-махуэ имыІэу, уэлбанэ щхьэкІэ къимыгъанэу, Іъэсу уэрам ятІэхэм пхыкІыу дэтхэнэ сымаджэми я унэ нэсыфу зэрыщытар. Ар къеплъамэ, сымаджэхэм я гур загъэрт, ящІэрт узыр пэжу къызэрихутэри, зэрыхъукІэ абы и Іэзэгъуэ къаззэрыхуигъэтынури.

ФІы куэд пхужыІэнущ Аннэ теухуауэ. Ауэ къыщедгъэжьам дгъэззэжынщи, дыхуейщ Лашынкъей къуажэм къыдэхъуэ щІэблэм апхуэдэ цІыхур щыІэмыгъупщэн папщІэ Труновэ Аннэ Николай и пхъум и цІэр къуажэ амбулаторэм фІащыну.

Дэтхэнэ зы лъэпкъми абы щыщ цІыхухэми я гъащІэ еплъыкІэр, езыхэр адрей лъэпкъхэм кьахэзыщхьухкІ щытыкІэ хэр къззыгъэлъагъуэ хабзэхэр яІэжщ. Адыгэ лъэпкъми ди псэукІэр цІыхухэр зэрызэбгъэдэт дызэрыпсэун хуей щыкІэр зубыхуауэ кьыдженэ зыІэ Адыгэ Хабзэр ди Іэщ.

Адыгэхэм дыуэщІымрэ жэназымрэ ехьэлІауэ зэрахьэ хабзэхэр

● ФщІэуэ пІэрэ?

ИЛЪЭС мин бжыгъэхэм кьриубыдэу зекІуэ, лІэныгъэ хьыбарыр зыІэрыхьа унагъуэм псынщІэу зызэрагъэпэщу, дыуэщІым кІэльыщІыхьэн хуейт.

Унэ хьэдэ, къуажэ хьэдэ, жылэ хьэдэ

АДЫГЭХЭР «унэ хьэдэкІэ» зэрджэхэр цІыкІу щыкІэ, балигъ мыхъуу дунейм ехьжахэращ. Балигъ хъуа ижь дунейм ехьжахэм «къуажэ хьэдэкІэ» ІоджэщІ. «Жылэ хьэдэкІэ» зэрджэхэр жылэ псом щыщІэрыІуэ, пщІэ зыхуащІ, фІыуэ яльагъу цІыхухэращ. Зауэм зи псэр щІзыта зауэлІхэри жылэ хьэдэу ябжыт.

Уанэ къуапэ пхэнж

ДЫУЭЩІ къеклуэІа хьэщІэхэм яшхэм щэлъахъэ тралъхьа иужь, зыуакІуэ щымытым щхьэкІэ, шхуэІур кьыжьэдахьіртэкъым. Шыхэм я щхьэр ирамыхьэхыфын хуэдэу, шхуэмылакІэр яшэщІырт, и щыбагъкІэ щыІэ джэрышІэр зыфІадзэ хабзэ уанэ къуапэм ирапхырт. Зым и шхуэмылакІэр адрей шым и уанэ къуапэм ирапхырт жызыІи щыІэщ. Мыбы хэлъ гупсысэр шыхэр зэрыкІуэу зэремыжьэжьныр.

ЗэпыщІэнигъэмрэ зэрыщІэнигъэмрэ апхуэдизу щефІэкІуа ди лъэхъэнэм шымрэ шумрэ пыща хабзэжьхэр бгъэззщІэжьыфынукъым, щІэбгъэззщІэни щыІэжьым. «Хабзэр екІуэращ», - жиІащ адыгэм. Ауэ мы хабзэ дахэхэм и зэманыр блэкІами, щІэбгъэззщІэжьи щымыІэми, дэтхэнэ зы Іэхугъуэми льэІэс Адыгэ Хабзэр гупсысэ куу хэлъу зэрызэхьаныхьар кьеГъэлъагъуэ. ГъащІэм и зыхъуэжьныгъэм кьыдэкІуэу нобэ тхузехьэну дымыгъэззщІэрын хабзэжьхэр диІэми, Адыгэ Хабзэм нобэрей цІыху гъащІэр кьыззщІиубыдэу хуиту тхузехьэну икІи дгъэкІуэд мыхъуну дауэдапщэ дахэ Іэджи диІэщ. Лъэпкъ щхьэкІуэ зыхэлъ цІыхухэм дыуэщІымрэ жэназымрэ теухуа ди хабзэ дахэхэр нобэ ягъэзащІэ.

Дыуэщі

КЪУАЖЭМ щыщ цІыху дунейм ехьжмэ, жэназыр яІэтыху ар зей унагъуэми, а къуажэми я жьэгум мафІэ щащІыртэкъым, шхын щагъавэрэтэкъым, Іэнэ кьыщІэтэртэкъым. Уеблэмэ, утыкум уиту псы уеФэнри емыкІут. ДыуэщІым щІызэрихьэлІаэм ФІэхъус зэрахьэркъым, зыр зым щІэупщІэхэркъым, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэм тепсэлъыхьу уэрэшру увыжьыркъым. Дихьэшхыныр, гуфІэныр емыкІушхуэщ.

ГуІэн

ДЫУЭЩІЫМ къуажэхэр, жылэхэр гуп-гупурэ кьеклуалІэрт. Дэтхэнэ зы гупми нэхъыжьитІщ къахэкІыртэ, зи чэзу кьэсхуэ, жэназр зей унагъуэм яхуэгуІэн щхьэкІэ, я нэхъыжьхэр здыщІэс пэшым щІашэрт. Ахэр пэшым щІэзышэр а кьалэныр зи пщэ дэлъ гъунэгъуэрат. КьалэныщІэм гупыр пэшым щІимыцэ илъэ, гупыр хьэздикІа къуажэр, кьыщІыхьэну нэхъыжьхэм я щІэ-унэцІэхэр пэшым щІэс нэхъыжьхэм яжриІэрт. Пэшым щІаша гупымрэ щІэсхэмрэ фІэхъус зэрахьркъым, зэщІэупщІэхэркъым. КьыщІыхьахэр нэхъыжьу щытми, жэназыр зейхэр кьэтэджькІыркъым. КьыщІыхьахэр зы тэлайкІэ щэхуу кьыдэшэсыкІыжырт. Сыту жьІпІэмэ, лІэныгъэ хьыбарыр зыІэрыхьа унагъуэм псынщІэу зызэрагъэпэщу, дыуэщІым кІэльыщІыхьэн хуейт.

Унэ хьэдэ, къуажэ хьэдэ, жылэ хьэдэ

АДЫГЭХЭР «унэ хьэдэкІэ» зэрджэхэр цІыкІу щыкІэ, балигъ мыхъуу дунейм ехьжахэращ. Балигъ хъуа ижь дунейм ехьжахэм «къуажэ хьэдэкІэ» ІоджэщІ. «Жылэ хьэдэкІэ» зэрджэхэр жылэ псом щыщІэрыІуэ, пщІэ зыхуащІ, фІыуэ яльагъу цІыхухэращ. Зауэм зи псэр щІзыта зауэлІхэри жылэ хьэдэу ябжыт.

Уанэ къуапэ пхэнж

ДЫУЭЩІ къеклуэІа хьэщІэхэм яшхэм щэлъахъэ тралъхьа иужь, зыуакІуэ щымытым щхьэкІэ, шхуэІур кьыжьэдахьіртэкъым. Шыхэм я щхьэр ирамыхьэхыфын хуэдэу, шхуэмылакІэр яшэщІырт, и щыбагъкІэ щыІэ джэрышІэр зыфІадзэ хабзэ уанэ къуапэм ирапхырт. Зым и шхуэмылакІэр адрей шым и уанэ къуапэм ирапхырт жызыІи щыІэщ. Мыбы хэлъ гупсысэр шыхэр зэрыкІуэу зэремыжьэжьныр.

ЗэпыщІэнигъэмрэ зэрыщІэнигъэмрэ апхуэдизу щефІэкІуа ди лъэхъэнэм шымрэ шумрэ пыща хабзэжьхэр бгъэззщІэжьыфынукъым, щІэбгъэззщІэни щыІэжьым. «Хабзэр екІуэращ», - жиІащ адыгэм. Ауэ мы хабзэ дахэхэм и зэманыр блэкІами, щІэбгъэззщІэжьи щымыІэми, дэтхэнэ зы Іэхугъуэми льэІэс Адыгэ Хабзэр гупсысэ куу хэлъу зэрызэхьаныхьар кьеГъэлъагъуэ. ГъащІэм и зыхъуэжьныгъэм кьыдэкІуэу нобэ тхузехьэну дымыгъэззщІэрын хабзэжьхэр диІэми, Адыгэ Хабзэм нобэрей цІыху гъащІэр кьыззщІиубыдэу хуиту тхузехьэну икІи дгъэкІуэд мыхъуну дауэдапщэ дахэ Іэджи диІэщ. Лъэпкъ щхьэкІуэ зыхэлъ цІыхухэм дыуэщІымрэ жэназымрэ теухуа ди хабзэ дахэхэр нобэ ягъэзащІэ.

Дыуэщі

КЪУАЖЭМ щыщ цІыху дунейм ехьжмэ, жэназыр яІэтыху ар зей унагъуэми, а къуажэми я жьэгум мафІэ щащІыртэкъым, шхын щагъавэрэтэкъым, Іэнэ кьыщІэтэртэкъым. Уеблэмэ, утыкум уиту псы уеФэнри емыкІут. ДыуэщІым щІызэрихьэлІаэм ФІэхъус зэрахьркъым, зыр зым щІэупщІэхэркъым, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэм тепсэлъыхьу уэрэшру увыжьыркъым. Дихьэшхыныр, гуфІэныр емыкІушхуэщ.

ГуІэн

ДЫУЭЩІЫМ къуажэхэр, жылэхэр гуп-гупурэ кьеклуалІэрт. Дэтхэнэ зы гупми нэхъыжьитІщ къахэкІыртэ, зи чэзу кьэсхуэ, жэназр зей унагъуэм яхуэгуІэн щхьэкІэ, я нэхъыжьхэр здыщІэс пэшым щІашэрт. Ахэр пэшым щІэзышэр а кьалэныр зи пщэ дэлъ гъунэгъуэрат. КьалэныщІэм гупыр пэшым щІимыцэ илъэ, гупыр хьэздикІа къуажэр, кьыщІыхьэну нэхъыжьхэм я щІэ-унэцІэхэр пэшым щІэс нэхъыжьхэм яжриІэрт. Пэшым щІаша гупымрэ щІэсхэмрэ фІэхъус зэрахьркъым, зэщІэупщІэхэркъым. КьыщІыхьахэр нэхъыжьу щытми, жэназыр зейхэр кьэтэджькІыркъым. КьыщІыхьахэр зы тэлайкІэ щэхуу кьыдэшэсыкІыжырт. Сыту жьІпІэмэ, лІэныгъэ хьыбарыр зыІэрыхьа унагъуэм псынщІэу зызэрагъэпэщу, дыуэщІым кІэльыщІыхьэн хуейт.

щыса иужь, я нэхъыжьыр жэназэр зейхэм яхуогуІэри, нэгъуэщІ гупхэр кьэзэрыщІыхьэнум щхьэкІэ замыгъэгувэу пэшым кьыщІокІыж. Гупыр кьыщІэзышыжкри щІэзыша кьалэныщІэрщ. Гупыр кьыщІыщІэкІыжкІэ жэназыр зейхэр кьадащІэкІыркъым, кьакІэлъыкІуатэркъым, кьрагъэжьжыркъым. Ахэр мэщыгъуэри щысщ.

Дунейм ехьжжар кхъэм щыдахкІэ, ар зей льэпкъым щышхэр кхъаблэм щІэувэркъым, жэназыр дэзыххэм ядэІэпыкъуркъым. ЛІар кхъэм дэзыхри щІэзылъхьэжри Гъунэгъуэмрэблагъэхэмрэщ. Жэназыр зей льэпкъым щышхэр, я нэхъыжьхэр япэ иту, кІэщу жэназым иужь иту кхъэм докІ. Хьэдэр щышІалъхьэкІэ а лъэпкъым щышхэм хьэнцэ къащтэ хабзэкъым, ятІэ тракІуэркъым. Жэназыр зей льэпкъым щышхэр кхъаблэм щІэувэмэ, ятІэ тракІутэмэ, а кьалэныр ГъунэгъуэмяягъэззщІэну Іэмалиарамытмэ, «я хьэдэр щІалъхьэжыным хуеІэщІэжІахэщ» хужаІэрти, ягъэемыкІуат.

Мыпхэдизэ хьэдэ хьыбарымрэ жэназы хьыбарымрэ фи гур щихауэ щытмэ, кхъэъупауэ гушыІэ тІэкІу кьыхэддзэнщ. Хьэдэр кхъэм щыдахьи, хьэдэр зей льэпкъым щыщ щІалэжь гуэр кхъаблэм щІэувэри, ипэ иту кІуэ лІым и лъэдакъэм теувэри, и вакъэр кьыщитхъат. Зи вакъэр зыщатхъа лІыр кьыззэплъэкІыу ар кьыщилъагъум: «Хьэдэ хуэлІэ фолІэри фэ лъэпкыр! Мэ ныпІэ, фызотыж, фызозтыж», - жиІэри, кхъаблэм кьыщІэкІыжат, жи.

ЛІар мащэм щрахьэкІэ, е и къуэш, е и къуэ, е лъэпкъым щыщ зы цІыху-цІыхуитІ абы йох. Мусльэмэн диным кьыззрезэгъым хуэдэу, и гупэр къэблэмкІэ гъэзауэ ягъэтІыпІ. Адыгэхэм мащэр иратІыха иужь, абы и лъэгум къэблэмкІэ хуэзэ лъэныкъуэр, хьэдэр здыщІэхуэн хуэдизкІэ щІатІыкІырт. ЯтІэр занщІэу лІам трамытхъуэн щхьэкІэ, а щІатІыкІа щІыпІэм деж, и гупэр къэблэмкІэ гъэзауэ щІалъхьэрт дунейм ехьжар. А щІатІыкІам «лыхьэкІэ» ІоджэщІ.

Кьайсэр - Уэун-Йила щыІэ адыгэ я кьуажэхэм я лІаехэр нобэр кьыздэсым дауэдэущ зэрыщІалъхьэр. Зи щхьэ пщІэ хуэзыщыжьи цІыхухэмрэ лъэпкъхэмрэ нобэми мы хабзэхэр ягъэзащІэ. Адыгэ лъэпкъхэм дакъыкъэзыгъэщхьэхукІ мы ди хабзэ дахэхэр гъэззщІэным зыри гугъуехь хэлъкъым. Ауэ лъэпкъ щхьэкІуэ зыхэмылъхэм кьафІэмыуэхуурэ, я щІобжьхэм ирагъащІэркъым, лъэпкъ хабзэри Іэщіыб ящІ. Хабзэр зрамыгъэщІа щІалэгъуалэм ящІэнур ямыщІэу щхьэназзу утыкум кьонэ.

Іэ Іэт (ПІрегу)

ЛІАР щыщІалъхьэкІэ, мусльэмэн диным зэрихабзэу, ефэндыр духьэ кьоджэ, дыуэ ирегъэщІ. ЩІалъхьа иужьи, «тэлъкьинкІэ» зэджэ дыуэ тращІэж. Дунейм ехьжар щІэлъхьэныр зэфІэкІа иужь, жэназыр зей льэпкъым щыщхэр, лъыкІэ щыпыща благъэхэр, а кьуажэм щыщхэр тІэкІу епІэщІэкІыурэ ліар здыщІыха унэм йокІуэлІэж. ДыуэщІым кьекІуэлІа хьэщІэхэр унэм екІуэлІэжа-жэм загъэхьэзырыну зэман кьыхуагъэнэн хуэдэу, мыпІащІэрэ кхъэм кьоКІыж.

Жэназыр зей льэпкъымрэ я благъэхэмрэ кхъэм кьикІыжу унэ бжэІупэм кьэссижа иужь, льэпкъым я нэхъыжьым и щІыбыр унэбжэм хуэзэн хуэдэу, гупым я щІыбыр унэм хуэгъэзауэ унэ бжэІупэм йоувэкІэр. Льэпкъым я нэхъыжьым абы кьыкІэлъыкІуэ нэхъыжьхэр бгъэдуэз. А увыкІэм льэпкъым я нэхъыжьри, льэпкъым лъыкІэ пыща я благъэхэри, я жьлэгъуэри кьегъэлъагъуэ. Жэназым кьекІуэлІа адрей хьэщІэхэр жэназыр зей унэм кьэссижа иужь, я зэхуакум льэбакъуэ зыхьібл кьыщдэнэн хуэдэу, унэ бжэІупэм еувэкІа гупым я пащхьэм йоувэ. ГупитІыр сатыритІу, я нэхъыжьхэр зэхуэзэн хуэдэу зэпоувэрэ. ХьэщІэ гупым яхэт ефэндыхэм языхэзым и Іэр кьеІэтри, дыуэ ирегъэщІ. Дыуэ щащым деж, унэ бжэІупэм еувэкІа жэназыр зей льэпкъымрэ я благъэхэмрэ, я кьуажэгъуэхэм я Іэр едзыхауэ щытщ, хьэщІэ кьекІуэлІахэм ефэндым и гъусэу я Іэр кьаІэтри дыуэ ящІ. Мусльэмэныгъэм ехьэлІа жэназым кІэльыкІуэ зэрахьэ хабзэхэр кхъэм зэрыщагъэзэщІам кьыхэкІыу, мыбдежьым щащІ дыуэр нэхъ кІэщІу зэфІагъэкІ.

Дунейм ехьжар зэхэсыж яхуэгъуІэну жэназым кьекІуэлІахэм я нэхъыжьхэм гупым я щІэкІэ ипэ ирагъэщ щІэ зыхуащІ, хабзэбзыпхъэ зыщІэ зы нэхъыжькІ. Ипэ ирагъэщ нэхъыжьыр жэназыр зейхэм я нэхъыжьым хуэзанщІэу ува иужь, и лъакъуэ сэмэгумкІэ лъэбакъуэ ичурэ, лъакъуэ ижьыр кІэльыльэфыжурэ щэ мэбакъуэри, утыкум йохьэ. (Адыгэм я дыуэщІ щІыкІэр сэзыгъэтхьажа нэхъыжьхэм я щІыщу мыбдежьым я щІэ къыщисІуэну сыхуейт ди нэхъыжьыфІхэу Балъкъэрокъуэ Шэвкэт, си анэш Тамбий Ахьмэд, Шыгъэныгъуэ Сами, Быж Саиим, си адэ къуэш Кьущхьэ Фикри. Дунейм ехьжахэр Тхьэм жэнэтКІэ игъэгуфІэ. ПщІэ зыхуэтщІ ди нэхъыжьыфІхэу Быж Саиимрэ Кьущхьэ Фикримрэ Тхьэм къэдгъэ уэзынщэу тхуигъэлсэу.

Адыгэ лъэпкъым льапсэрыкыр кьыщытхуагъэкІуа Урыс-Кавказ зауэр щиуха накьыгъэм и 21-м хабзэу къэдгъащтэ а махуэм щэджагъуэм гу пэр Іуащьэмахуэкіэ дгъэзэрэ, ди Іэ сэмэгур къэтІэту. Ильясищам щІитІыкІэ екІуэкІа а зауэ гущІэгъунщэм, я хэкужьыр яхъумэу псэр щызынахэм, Истамбылакіуэ гъуэгум текІуэдахэм дазэрыхуэщыгъуэм и щыхьэту.

КЪУЩХЬЭ Догъан.
Тырку Республикэ

● КъБР-р илъэси 100 щрикъум ирихьэлІэу

Тхакіуэхэм я деж къеблэгъащ профсоюз, парт лэжьакіуэхэр. *1976 гъэ*

Іубгъуэ лэжьыгъэхэм текІуадэ мылъкум хегъахъуэ

● Банк Іуэхуэр

Урысейм и «Мэкъумэшбанк» акционер обществэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэм республикэм щекІуэкІ губгъуэ лэжьыгъэхэм трагъэкІуэдэну мы гъэм мэкъауэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу къыутІыщащ сом мелуан 239,5-м щІигъу. Ар процент 41,9-кІэ нэхъыбэщ нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ.

СОМ мелуан 95,1-рэ хухахащ агробизнес курытым. ХьэрычэтыщІэ мащІэм Іэрыхьащ сом мелуани 144,4-рэ. 2021 гъэм мэкъуэуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу абы-хэм я кредит портфелыр сом мелуан 900-м нэсащ.

Агропромышленнэ комплексым и щІэгъэкъуэн нэхъыщхьэу щыткІэрэ, Урысейм и «Мэкъумэш-банкым» гулъытэ хэха хуещІ губгъуэ лажьыгъэхэм. Абы кьарита щІыхьэхэм я фІыгъэкІэ зи чэзу Іуэхугъуэхэр и плаІэм тэмэмэму зэфІэгъэкІа, инвестицэ проектхэр гъэззщІа мэхъу, зэрагъэкІуэкІ мылькур ирагъэкъуж, - къыджиІащ «Мэкъумэшбанк» АО-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэм и унафэщІ Сокъур Алим.

Фигу кьэдгъэкІыжьынщи, «Мэкъумэшбанк» акционер обществэр - Урысейм и агропромышленнэ комплексым Іуэхутхьэбзэ хуэщІэнымкІэ и лъэпкъ финанс-кредит системэм и лъабжьэщ. Ар 2000 гъэм къызэрагъэпэщащ икІи Іэщіэлъ мылъкумрэ зэфІигъэкІ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ хэзрагъэ-ныр дунейм щынэхъ лъэщ дыдэхэм хабжэ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Зыгъэхьэзырар
НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ

● Фэ фщІэрэ?

Тхылъымпіэр къыщагупсысар

1962 гъэм ди къэралым и еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэса студентхэм я бжыгъэр пЛыкІэ нэхъыбэт, Инджылызым, Италием, ФРГ-м зэгъусэу щеджэм нэхъ.

А лъэхъэнэм ди хэкум исхэм ящыщу цІыхуиплІым я зыр еджэрт.

* * *

ГъущІ лъэмыжхэр япэ дыдэу ухуэн щыщІадзар Китай къэралыгъуэм и бгылъэ куейхэращ. Лъэмыж нэхъыжь дыдэу къалъытэр абы щыІэ Тату псым зэпрыкІыу фІащІарщ. Ар иджыри кьызідэсым мэлажьэ, щаухуар 1706 гъэрщ.

* * *

ТхылъымпІэм ещхь гуэрхэр япэу кьыщагупсысар ди эрэм и 105 гъэхэрщ.

* * *

Аммиакыр промышленностым и лІэужьыгъуэ мини 2-м кьыщагъэсэбэп.

* * *

Лъэпкъ бэракъэм я нэхъыжь дыдэр датхэм яйрщ. ЩэкІ плъэжьым хужьклэ тещІыхьа жорыр кьыщагупсысар 1219 гъэращ.

* * *

Нэхум и псынщІагъыр япэ дыдэу кьэзыхутар астроном Ромеррщ. Ар кьыщыхъуар 1675 гъэрщ.

* * *

Курыт лІэщІыгъуэхэм европэ къэрал псоми чырбыш щызэтралъхьэкІэ е блыным сэху щраткІэ кхъуейлъалъэ е джэдыкІэпс халъхьэу щытащ. ЗэрыжаІэмкІэ, ар куэдкІэ нэхъ быдэ хъурт бетоным нэхърэ.

* * *

ЦІыхухъуэхэм жьакІэупс кьагъэсэбэпын зэрыщІадзэрэ илъэс мини 5 мэхъу. Абы щыхьэт тохъуэ археологхэм Месопотамием кьыщагъуэта мывэ пІащІэ Іулъыкіар.

* * *

Сабыныр кьэзыгупсысар Вавилон щыпсэуа гуэрщ. Ар кьыщыхъуар илъэс мини 5 ипэкІэщ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● Псалъэжьхэр

ЗыхуащІэ нэхърэ зыщІэф

- **Хуэмыху и Іуэху блэкІыркъым.**
- **ЗылъэмыкІ Іэфракіэ и Іыхьэщ.**
- **Хамэ ущие тхьэмахуэщ, хабзэ хьэху махуищщ.**
- **Хамэр гъэшэраши, унэр гъэшэрыуэ.**
- **Зым и мыгъуэ зым и махуэщ.**
- **Къанзэгурэ пэт гу егъэфэрэнкІ.**
- **ЗыхуащІэ нэхърэ зыщІэф.**
- **Пщы зыфІэпщым пщылІ къыпфІещ.**
- **ФІым фІы къыпокІуэри, Іейм Іей покІуэж.**
- **Хабзэр убзэнкъым, акъылыр къалэнкъым.**
- **Щхьэм имылъмэ, лъэм и мыгъуэщ.**
- **ХакІуитІ зы бо щІэзагъэркъым.**

● Дыщалъхуа щІыналъэм

«Нартсанэ» турбазэр. *1970 гъэ*

● Зэвгъащіэ

Псалъэ шэрыуэхэм къарыкІыр

МылІэр лІы мэхъу.

ЦІыху хуэщ, хуэфащэ увыІэпІэ игъуэтащ; балигъ хъуащ - жьыхуиІэщ. ЦІыхум игъуэта щытыкІэр гуапэ щащІыхъум деж къапсэлъ хабзэщ.

Мыщафэ Іэрымылъхьэм гуащэр щумыгъэгугъ.

УмыгъэзэщІар гъэзэщІа хъуакІэу, зэфІэкІагъэ умыбж. Іэхъур щызэфІэкІын хуей пІалъэр къэмыс щІыкІэ ГъэзэщІа хъуауэ къызылъытэм хуэгъэза чэнджэщщ.

ПащІэм къимыхьыр жьакІэм къьхьжьыркъым.

Ущыщ1алэм къыпхуэмылэжьар уи жьыщхьэ къыпхуэгъэхьыжьынкъым.

Пэ зиІэм кІэи иІэщ.

ЖаІар е нэгъуэщІ зыгъэрыр ирикъуну, абдежым щыухын хуейуэ къыщалъытэм деж къапсэлъ хабзэщ.

Псым итхьэлэр шхийм йопхъуэ.

ХэкІыпІэнщагъэ къиухтар къезыгъэлыну, къызэтезынэну къыСфІэщІу, иужьрей дыдэ гугъапІэу йожалІэ, сабэп къызэрыхуэмыхъуфынур нэрылъагъуми.

Псым къудамэ теткъым.

«Іэубыдыпіэншэщ» жьхуиІэщ. Псым ущыбэрэ зэрымыхъунур кьарагъэкІыу къапсэлъ.

ЩАУЭ Къэлидар.

● Пхъэщхьэмыщхьэ

Хъурмэ

Хъурмэр пхъащхьэмыщхьэхэм я пащтыхьу къалъытэ. Абы и «хэкур» Китайращ. Европэм щыпсэухэм ар къызэрацІыхьурэ куэд щІакъым - илъэси 100-м нэблэгъами араща.

ЗИ ФІАГЪКІЭ нэхъыфІу ябжыр япон хъурмэращ. Ар икІи нэхъ инщ, икІи гъуэжьыфэ-плъыжьыфэщ. Хъурмэр пшхыну Іэфі дыдэщ. Абы и ЫхьэлъагъыМ и Іыхьэ плІанэр зыубыдыр фруктоозмрэ глюкозэмрэщ. А тІур куэду зэрыхэлъым щхьэкІэ зи гум дагъуэ иІэхэм я дежкІэ сэбэнщ. Хъурмэм хэлъ фошыгъур Іэпкльпъэпкъым зыхухихьр гум екІуалІэ пЫнтхуэзэрщ. Гуузым кьыхиГъэзыхьу Кавказым и зыгъэпсэхупІэхэм кьакІуэхэм зы махуэм хуэзэу япон хъурми 2 - 3 ирагъэшх.

Къапщтэмэ, дэтхэнэ цІыхум дежкІи сэбэнщ махуэм хъурми 3 ишхыну. Абы шэ хуабэ щыгъужмэ, зыхуэдэ щыІэкъым.

ПсомнэхърэнэхъсэпУ къалъытэр королёккІэ зэджэ хъурмэ лІэужьыгъуэращ. Псы зэбжІ а пхъэщхьэмыщхьэм куэду хэлъщ калий, кальций, фосфор, магний, гъущІ, нэгъуэщІ микроэлементхэри.

Апхуэдиз витаминыр зыхэлъ хъурмэр, королёкыр пшхыну зэрыгъэсэбэпым кьыдэкІуэу Іэфщ икІи гуакІуэщ. Абы жьэ кІуэцІыр щызэриГъалъэ щыІэщ. Апхуэдэхэм деж пшхын ипэкІэ, хъурмэр сыхьэт зыбжанэкІэ псы хуабэм хэбгъэлъмэ, фІы дыдэ мэхъу.

ДОХЪУШОКЪУЭ Санэ.

● Шхыныгъуэхэр

Прунж кхъуейжьапхъэ

Прунжыр зэхащыпыкІ, фІыуэ яІъэсри, гуэр хъуху ягъэгъущ. Прунж кьабзэр яхьэжри, кхъуэзанэкІэ яухуэнщІыж. Шыуаным псы щІыІэ тІэкІу иракІэ, абы джэдыкІэ кугъуэ уда зыхэлъ шатэ хакІэри, дакъикъи 5 - 6-кІэ кьагъэкъуалъэ. ИтІанэ а шатэ кьэкъуалъэм, кьыркуэ мыхъуи щхьэкІэ зэІащІэуэр, прунж хьэжьгъэр хакІутэ. Шыуаныщхьэр нЫкъуэтепІэу, зэззэмызи зэІащІэуэр, дакъикъэ 15 хуэдизкІэ кьагъавэ, тхъу кхъущІидзыжь. Абы кхъуей цІынэ хагъэщащэ, зэІащІэуэрэ шыгъуэшыпс хакІэри, шыуаныщхьэр техауэ дакъикъи 4 - 5 хуэдизкІэ, хьэзыр хъуху, ягъажьэ. Кхъуейжьапхъэ жьар пщтыру тепщэчкІэ Іэнэм трагъэувэ. ПІастэ щІыІэ, чыржьи, хьэлІамэ, щІакхъуэ дашх. Шэ хуабэ трафыкьыж.

Хатлъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ):
Псы щІыІэу - г 50
Шатэу - г 260-рэ
Джэдыкіэ кугъуэу - зы ныкъуэ
Прунж хьэжьгъэу - г 15
Кхъуей цІынэу - г 15
Шыгъуу - узыхуейм хуэдизэ

КІэрТІофэ хьэнтхъупс

Шыуаным тхъу иралъхьэри, мафІэ щабэм тету ягъэхтыкІу. Абы зэпэплІимэурэ упщІэта бжьыныщхьэ халъхьэри, зэІащІэурэ ягъэлыбжьэ, шыбжий сыр хьэжа хакІутэ, зэІащІэурэ тхъуэплъ дахэ хъуху ягъэпыбжьэ. Абы псывэ кьагъэхьэзырам щыщ бэлагъкІэ зэІащІэурэ щІакІэ, зэІащІэурэ мафІэ щабэм тету дакъикъитІщыкІэ кьагъэкъуалъэ. Абы халъхьэ ІупщІэурэ упщІэта кІэрТІофэ. Псывэ кьэнар щІакІэжри, шыгъу хадзэ, зэІащІэ. Шыуаныщхьэр трапІэри, хьэзыр хъуху мафІэ щабэкІэ яГъавэ. Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсыр пэшхьэкум кьэтрахри, джэдгын, бурш хаудэ, шыуаныщхьэр трапІэжри, дакъикъитхъуІэ щагъэт. Пщтыру фалъэкІэ Іэнэм трагъэувэ. ЩІакхъуэ е лэкъум дашх. Шати хэзыкІэ щыІэщ.

Хатлъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ):
Тхъууэ - г 40
Бжьныщхьэ укъэбзауэ - г 35-рэ
Псывэу - г 900
КІэрТІофэ укъэбзауэ - г 200
Шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдизэ.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхьилъым къитхьажащ.

● Испан псалъэжьхэр

Сытым деж псалъэр щыдахэр?

- **◆Хэхъуэ нэхъыбэ ущиІэм деж Іуэху нэхъыби къыплъыкъуокІ.**
- **◆Фыгъуэм плъыфэ иІэу щытамэ, дуней псор фІыщІабзэ хьунт.**
- **◆Псалъэр щыдахэр гум къыщикІым и дежщ.**
- **◆Пщэдджыжь нэхущым къэтэджым екъулІэныгъэр и Іэрылъхьэщ.**
- **◆Сыт хуэдэ гуфІэгъуэри Іэфіу гум къонэ.**
- **◆Щалэмрэ хъыджэбзымрэ щыдахэр щызэгъусэм и дежщ.**
- **◆Бажэр бзаджэ щхьэкІэ, ари къаубыдащ.**

● Гъэщ1эгъуэнщ

Алыфбейр къызэрежьар

Лютер Мартин, Моцарт, Эдисон сымэ бын хьрых яІащ, Маркс - 7, Шуман - 8, Чаплин апхуэдиз, тхыдэтх Соловьев - 12, математик Эйлер - 13, Толстой Леви апхуэдизэ, Бах къуипщІрэ пхъуипщІрэ кьыхъалъхуат.

* * *

США-м щыщ Рой Тимоти 1982 гъэм бадзэуэгъуэм и 4-м щІидзэри, махуэ 431-кІэ къемыхьыу жьыгъыщхьэм фІэсат.

* * *

Тхыгъэ щхьэхуэхэм кьызэрагъэлъагъуэмкІэ, 1858 - 1865 гъэхэм Кавказ Ищхъэрэм ирашу Тыркум щІыху мин 493-рэ Іэпхъуащ. Абыхэм ящыщу 45.023-р натхъуІейщ, 27.337-р абдзэхэщ, 165.626-р шапсыгъщ, 74.567-р убыхщ, 17.000-р къэбэрдей адыгэщ.

* * *

Зы километр зэбгъуэнатІэм щІыхуу щопсэу: Урысейм - 6, США-м - 42-рэ, Японием - 289-рэ, Инджылыым - 241-рэ, Франджым - 112-рэ, Китайм - 152-рэ, Бразилием - 19, Индием - 303-рэ, Италием - 189-рэ, Австралием - тІум тІэкІу щІигъу, Германием - 230-рэ, Израилым - 284-рэ, Индонезием - 108-рэ, Иорданием - 71-рэ, Пакистаным - 186-рэ, Сирием - 83-рэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым - 72-рэ, Адыгэ Республикэм - 59-рэ, Дагъыстэным - 49-рэ, Ингушым - 78-рэ, Къалмыкъым - пІлъ иримыкъу, Къэрэшей-Шэрджэсым - 31-рэ, Осетие Ищхъэрэ - Аланием - 88-рэ, Шэшэн Республикэм - 82-рэ.

* * *

ЯпэщІыкІэ псалъэхэр, пычыгъуэхэр кьыдэзыІ сурэт цІыкІуэр кьагупсысащ. Нэхъ кІасэІуэу Финикий сондэджэрхэм хьэрф язныныкъуэхэр кьарагъэжьащ, ауэ ахэр хьэрф дэкІуащэт. ИтІанэ ди эрэм и пэкІэ IX - VIII лІэщІыгъуэхэм пасэрей алыджхэм хьэрфэешэхэри кьрагъэжьащ, икІи абыхэм я тхьбзэр «альфэрэ» «бетэу» зэхэт. Урысхэм я деж ар хэсащ икІи славяныбзэкІэ «аз» «бука» хъуащ, абыи кьытекІащ «азбука» псалъэр. Дунейм тет лъэпкъхэм я нэхъыбэм езым я альифбей кьагупсысакъым, нэгъуэщІхэм яйхэр кьагъэсэбэпауэ аращ - дэри, адыгэхэми, урыс алфавитращ кьэдгъэсэбэпыр.

* * *

КІэртІофыр кьыщежьауэ кьалъытэр Эквадорымрэ Перумрэщ. XVI лІэщІыгъуэм и пэхэм а кхъкІыгъэ хьэлэмэтыр абыхэм кьрашри, Испанием кьашащ, итІанэ Европэ псом лъэІэсащ, фІыуэ яльагъуу, егупуу ящІэуи щІадзащ. Нэхъ иужьыкІэ Урысейми кьэсащ. Ауэ, пэмщІ, абы щыгъуэ ди деж къэса кІэртІофымрэ нобэ кьэдгъэкІымрэ зэщхьыжкъым, сортыщІэ куэд кьагъэхъуащ, нэхъ бэви хьууэ, щІыпІэ нэхъ щІыІэхэри езэгъэщ. Иджы кІэртІофыр Урысей Федерацэм и щІыпІэ куэдым фІыуэ щохьу. Ар щІакхъуэ етІуанэуи ябж.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхъ секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкІымыхъу Мариндж,** *корректорхэру* **Щоджэн Инир** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 1.927 ● Заказ №1213

Псалъэзэблэдз

***ЕкІуэкІыу*: 3**. Сыбыр щІыналъэм щыІэ къалэшхуэ, цІыхуу мелуанрэ нЫкъуэрэ дэсу. **6**. ПшахъуэщІ. **7**. Льакъуэм ищІа льэужь. **8**. Пхъащхьэмыщхьэ. **11**. БжэІулъэ. **12**. Щхьэц ... **13**. Абы тутын иракІутэурэ ирофэ. **17**. Шым и фІалъэ льакъуитІымрэ и зы кІэбдз льакъуэмрэ иралъхьэ лъахъэ. **19**. ... зэрыхьэ бей мэхъу. **20**. Хьэцэпэцэ кхъкІыгъэ. **21**. КьурІэным щыщ Іыхьэ, нэмэз щащІкІэ жаІэу. **24**. Нахьапэм адыгэм я унащхьэр абыкІэ яГъэбыдэрт. **26**. Сэхуран гъэлыгъуа тІэкІу-тІэкІуурэ зыщІэжьм ящыхь тхьпЫмпІэ. **28**. Унагъуэр кьызэхинэри, ди гъунэгъу лІыр ежьэжащ, и ... кьурыкъуу. **29**. Іэщым хуэзэщІэ шхыныгъуэ. **30**. Льэс ... **31**. ... зезыхьэ и Іэпэ йобзей. **32**. Іэпхъуамбэхэм ар нэхъ цІыкІущ.

***Къехьу*: 1**. ЦІыухъуцІэ. Е Осетие Ищхъэрэ - Аланием хиубыдэ къалэ. **2**. ФІы дыдэ гъэрым е егъэлеяуэ дахэм щхьэкІэ жаІэ псалъэ. **3**. ЗэхэщІыкІ щІагъуэ зимыІэ, щхьэдыкъ. **5**. Пщэдейрей ... нэхърэ - нобэрей бзу. **9**. Хуабэ, кІапэ зыльэІэса хьэсэ явам къыщыхьащих бахъэ. **10**. Куэдрэ щыта махъсымэм щІэтІысыкІ. **14**. ПІалъэкІэ щІэсын хьисэпкІэ, губгъуэхэм, хъупІэхэм пхъэкІэ зэупсеяуэ щащІ псэупІэ. **15**. Ялъ адыгэ щІэнигъэлІ цІэрыІуэхэм ящыщ. Абы и цІэр зэрехьэ Налшык и зы уэрамым. **16**. Мэш хьэуазэ. **18**. ПхъащІэ Іэмэпсымэ. **22**. Хьуэпсапіэ, гуращэ. **23**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, мэкъумылъэр щымащІэм деж ар шхэрей мэхъу. **25**. КІыщокъуэ Алим и усэ цІэрыІуэ. **26**. Язныныкъуэ хьэрыпІ къэралхэм я Іэтащхьэм зэреджэ. Е цІыхухъуцІэ. **27**. Псы нэпкъ пІащІэ. **28**. Пхъэщхьэмыщхьэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Накъыгъэм и 29-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкІуэкІыу*: 3**. Щхьэ. **7**. ПхъэщІыч. **8**. Шэжьпс. **9**. Пхъы. **10**. Хьэжы. **11**. Пхъэр. **12**. БгъэрыщІэ. **13**. КІымихъу. **16**. Чысэ. **18**. Гур. **19**. Егъу. **21**. ЛаскІэ. **22**. Сэлэт. **23**. ЩхьэкІуэ. **26**. Зым. **27**. Ажэ. **31**. Уэрэд. **34**. Уардэ. **35**. ЕнтІыр. **36**. Ду. **37**. КІуж. **38**. КІэпхъ. **40**. Гуимэ. **41**. ХьумпІэцІэдж. **43**. Псым. **44**. Уэшх. **46**. Гъубж. **47**. ЩІэрыкІуэ. **48**. Салимэ. **49**. ЯтІэ.

***Къехьу*: 1**. ПхъэхъІ. **2**. Бырыб. **4**. Хьэкъырш. **5**. ХьэІупэ. **6**. Епэр. **14**. Молэ. **15**. Хъуасэ. **16**. Чылар. **17**. Сытхъу. **18**. Гуэщ. **20**. Гъусэ. **24**. ХьэмкІэ. **25**. КІуращэ. **28**. КІэрэхъ. **29**. ХытІыгу. **30**. Жумэ. **31**. Уэд. **32**. Деж. **33**. Урым. **39**. ЛъэмбытІ. **41**. ХьумакІуэ. **42**. Джулат. **43**. Пхъэх. **45**. Хамэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІымыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Кьаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхъ секретарь), **Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Астъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианэ, ЩхьэцэмышцІ Иэ.**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьыдзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхугъэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щихабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхугъапіэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; узынщагъэмэ щІыуэпсыр зэпэмыкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88, зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдэгъаззэм и 19-м Печатным и хуитынымгъэр хъуэмэымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ1анІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ кьыдокІ.

(12+)

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А